ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№9 (24.291) • 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 29, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ •

## ПIалъэкIэ лъэмыж тралъхьэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ «Кавказ» Р-217-нэ гъуэгум Шэджэм псым пIалъэкIэ щытралъхьэ лъэмыжыщIэр. Ар гъуэгум автомашинэхэр щызэтримыхьэн папщIэ яухуэ икIи зэман гъунэгъум яухынущ.**

ШЭДЖЭМ псым телъа лъэмыжышхуэр зэрагъэпэщыжыху гъуэгурыкIуэхэр къызэтемыгъэувыIэным и хэкIыпIэщ ар. Шэч хэлъкъым куэд дыдэ абы зэрыщыгуфIыкIынуми.

Жьы хъуа лъэмыжыр мардэ псоми изагъэу, метриткIэ нэхъ бгъуэуэ ящIыжыну я мурадщ. Дауи, абы мылъкурэ къаруурэ текIуэдэнур мащIэкъым.

Гъуэгум и 443-нэ километрым деж телъ ижьырабгъу лъэмыжыр 2022 гъэм и фокIадэм яухынущ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**



# Псыр пэрыхьэту яIэн хуэдэу

**КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэм тету хэтащ ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ правительствэ комиссэм и Президиумым и зэIущIэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIам. Абы щытепсэлъыхьащ «ПсэупIэмрэ къалэ щIыналъэхэмрэ» лъэпкъ проектымрэ инфраструктурэ проектхэмрэ.**



КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм 2021 гъэм къриубыдэу псэупIэ метр зэбгъузэнатIэу мин 514-рэ итащ, ар 2020 гъэм еплъытмэ, процента 102,8-рэ мэхъу. КIуэкIуэ Казбек жиIащ псэупIэ нэхъыбэ ухуэнымкIэ инфраструктурэ проектхэр гъэзэщIэныр хуабжьу сэбэп зэрыхъур.

2022 - 2024 гъэхэм Налшык къалэ апхуэдэ проект зыбжанэ щагъэзэщIэну я мурадщ. Абы федеральнэ, щIыналъэ мылъкум къыхэкIыу сом зы мелардым щIигъу хухахыну яубзыхуащ. Къалэм и Искож хьэблэм щIым щIэлъ бжьамийхэр щызэрагъэпэщыжынущ, псыр зэпымыууэ къижын папщIэ. «Восточный», «Эркин Езен» псэупIэ унэ зэхэтхэм, Белая Речка къуажэм, «Мыщхъыдж» коттедж жылэм, Хьэсэней адэкIэ щыт псэупIэ унэхэм, «Дубки07», «Сосрыкъуэ» дачэ унэ зэхэтхэм псы зэрекIуалIэ ухуэныгъэхэр а пIалъэм къриубыдэу ящIыну я мурадщ.

«Псы къабзэ» лъэпкъ проектымкIэ Кыщпэк, Гундэлэн, Къэрэгъэш, Красносельское, Пролетарское, Аруан, ЛашкIутIэ, Бахъсэнёнкэ, Лашынкъей, Хъущтэ-Сырт, Белокаменкэ, Къулъкъужын Ипщэ, Джэрпэджэж къуажэхэр, Александровскэ станицэр псыкIэ къызэрызэрагъэпэщ ухуэныгъэ 17-р щызэфIагъэкIащ.

Дызэрыт илъэсым Бахъсэн щаухуэнущ километр 77-рэ зи кIыхьагъ псы бжьамий зэхэт, абы сом меларди 2 хухахащ. А проектым текIуэдэну бюджет кредитыр Урысейм и Правительствэм и унафэкIэ 2021 гъэм и жэпуэгъуэм къыIэрыхьащ Бахъсэн щIыналъэм. Ар зэфIэкIмэ, Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн районым и Зеикъуэ, ХьэтIохъущыкъуей, Ислъэмей, Бахъсэнёнкэ, ПсыкIэху къуажэхэм зэпымыууэ псы екIуэлIэнущ, цIыху мин 98-р щыгуфIыкIынущ. А лэжьыгъэр мы гъатхэм щIадзэу 2023 гъэм яухыну я мурадщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Хущхъуэ уасэкIэ республикэр къызэрагъэпэщ

**Коронавирус узыфэр зыпкърыт сымаджэхэу амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтхэм зэреIэзэн хущхъуэхэр кърахуну УФ-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхуиутIыпщащ сом мелуан 26-м щIигъу.**

НЭХЪАПЭКIЭ, щIышылэм и 11-м, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэ Правительствэм пщэрылъ щищIауэ щытащ амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ зи узыншагъэм щыкIэлъызыгъэплъхэм иратын папщIэ а IуэхущIапIэхэр хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщыну. Мы зэманым республикэ бюджетым и мылъкукIэ сом мелуан 32-м щIигъу и уасэ хущхъуэхэр къащэхуащ.

УФ-м и Правительствэм и сайтым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэт сымаджэхэм ирейIэзэну псори зэхэту щIыналъэхэм хуаутIыпщащ сом меларди 5-м щIигъу. КъищынэмыщIауэ, къэралым и Правительствэм и гъэтIылыгъэ фондым щыщу сом мелард 15 хухахащ сымаджэщхэм щIэлъхэм ирахьэлIэну Урысейм щамытха препаратхэр кърашэхуну. Зи гугъу ящIыр молнупиравир (мин 200), тиксагевимаб+цилгавимаб (78.456-рэ) хущхъуэхэрщ. Апхуэдэуи къагъэлъэгъуахэм яхэтщ сотровимаб (мини 3,1-рэ), ремдесивир (мин 515-рэ) препаратхэр. А Iуэхухэр зэфIигъэкIынущ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и нэIэм щIэт, ЦIыхухэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ центрым. Абы хущхъуэхэр къыIэрыхьа нэужь ахэр хуаутIыпщынущ щIыналъэхэм щыIэ сымаджэщхэм, апхуэдэуи федеральнэ медицинэ IуэхущIапIэхэм.

Мэрем кIуам а Iуэхум щыхэплъащ УФ-м и Правительствэм и зэIущIэм икIи псори арэзы техъуащ. ГъэтIылъыгъэ фондым къыхахыну мылъкум теухуауэ къаIэта упщIэм Коронавирус узыфэ зэрыцIалэм земыгъэубгъуным пэщIэтынымкIэ зэзыгъэуIу советым щIышылэм и 18-м иригъэкIуэкIа зэхыхьэшхуэм щытепсэлъыхьащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Дохутыр нэхъыщхьэхэм чэнджэщ ярехьэлIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр зыхэт зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

ЩIЫНАЛЪЭМ щыIэ эпидемиологие щытыкIэм щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ, дэнэ щIыпIи хуэдэу, республикэм ОРВИ-мрэ коронавирус узыфэ зэрыцIалэм и штамм лIэужьыгъуэщIэмрэ игъэсымаджэхэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэр. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм жиIащ дохутырхэм я Iэзагъымрэ лэжьыгъэм и пIалъэ зэращIэмрэ я фIыгъэкIэ щIыналъэр коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зэрыпэлъэщынум шэч къызэрытримыхьэр. КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ узыфэ зэрыцIалэм пэщIэтыным псэемыблэжу зи къарури зи гуащIэри хуэзыгъэпс медицинэ лэжьакIуэхэм.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм узыфэ зэрыцIалэхэмкIэ и къудамэм штатым хэмыт и IэщIагъэлI нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэ, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ защыхъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ тепсэлъыхьащ пандемием мы зэманым зыкъызэрызэкъуих щхьэхуэныгъэхэм.

«Москва, Санкт-Петербург къалэшхуэхэм къыщагъэсэбэп дунейпсо Iэмалхэр икIи абыхэм щыщыIэ щытыкIэхэр ди тегъэщIапIэщ. Узыфэм и зи чэзу лIэужьыгъуэм хэпщIыкIыу зеубгъу. БлэкIа лъэхъэнэхэм елъытауэ, коронавирусым игъэсымаджэхэм я бжыгъэм хуэди 10-кIэ зэрыхэхъуэр наIуэ хъуащ. Шэч хэлъкъым узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм ар егъэлеяуэ къызэрытехьэлъэнум, псом хуэмыдэу амбулаторэхэм. Сымаджэщхэм а гугъуехьыр щызыхащIэнур тхьэмахуитIщы дэкIа нэужьщ».

Иуан Маринэ къыхигъэщащ «омикрон» штаммыр цIыхухэм къатемыхьэлъащэу зэрырахьэкIым къыхэкIыу, амбулаторэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр, и нэхъыбапIэкIэ, сымаджэхэмрэ езыхэмрэ зэпэIэщIэу зэрекIуэкIынур. Сымаджэм и щытыкIэр дохутырым телефонкIэ жриIэмэ, абы ипкъ иткIэ къахуэщIэнущ узыр зыхуэдэр икIи адэкIэ ищIапхъэхэм ятеухуауэ чэнджэщ иратынущ.

«Коронавирусым псынщIэу зэрызиужьыр къэплъытэмэ, цIыхухэм япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ IуэхущIапIэхэмрэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэмрэ» я къару псори узыр нэхъ тыншу зэфыкIхэм хуаунэтIмэ, медицинэ IэщIагъэлIхэр тхуримыкъункIэ шынагъуэ щыIэщ. Бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэмкIэ къызэгъэпэща, зыуэ щыт колл-центрхэр нэхъыбэу къызэIутхмэ, ар щытыкIэ хьэлъэм хэкIыпIэ хуэхъунущ», - жиIащ Иуаным.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ щытыкIэр я нэIэ зэрыщIэтыр, Iуэхум и хэкIыпIэ псори зэраубзыхуар.

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ Къаскъул Аулият и гугъу ищIащ амбулаторэхэм захуэзыгъазэхэм я бжыгъэм хуэди 7 - 8-кIэ зэрыхэхъуам, поликлиникэм и колл-центрым и лэжьакIуэхэр цIыху 12-кIэ нэхъыбэ зэращIам. Сату центрхэм ящыщ зым поликлиникэ №1-м и пункт къыщызэIуахащ, абы дэтхэнэми экспресс-тест къэпщытэныгъэр щащIыфынущ. Апхуэдэуи поликлиникэм хэту къызэрагъэпэща, коронавирус узыфэр зыпкърыту гурыщхъуэ зыхуэзыщIыжхэр зэкIуалIэу зыщрагъэплъ хъуну къудамэми и лэжьакIуэхэм къыхагъэхъуащ. «Амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэт сымаджэхэм дызэреIэзэну хущхъуэхэр къытIэрыхьащ, абы щытыкIэр куэдкIэ иригъэфIэкIуащ», - жиIащ Къаскъул Аулият.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм хэхуахэм защIэгъэкъуэнымрэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и центрым и унафэщI Къардэн Алим тепсэлъыхьащ иужьрей тхьэмахуэм я IуэхущIапIэм зыкъыхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм хуэдитIкIэ зэрыхэхъуам, ауэ зэкIэ я пщэрылъхэм зэрыпэлъэщым. Апхуэдэу абы и гугъу ищIащ пIащIэгъуэкIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэм, щытыкIэ хьэлъэм къихутахэм папщIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и зэфIэкIыр фIагъ иIэу къэгъэсэбэпынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ республикэм и район псоми къыипсэлъыкIхэм зэрызыкъыхуагъазэр зэпищIэжу зыуэ щыт «122» контакт-центрым мыгувэу лэжьэн зэрыщIидзэнур. Абы къищынэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту диспетчер IэнатIэ къыщызэIуахынущ, микроавтобуси 100-кIэ къызэгъэпэщауэ, медицинэ IуэхущIапIэхэр хуэныкъуэ хъумэ, я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпын папщIэ.

«ЩытыкIэр къызэрымыкIуэщ, узыпэплъэнкIэ хъунур мыгурыIуэгъуащэу, абы къыхэкIыуи Iуэхум и хэкIыпIэхэр сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи зэпэлъытауэ щытыпхъэщ. Дэ абы дыхуэхьэзырщ. Узыфэм и къэкIуэгъуэщIэм дыпэщIэтын папщIэ дызэгъусэу тхузэфIэкI псори длэжьын хуейщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Гъатхэ зэхуэсыгъуэм и япэ зэIущIэм



**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху IэнатIэм и гъатхэ сессием и япэ зэIущIэр.**

АРУАН щIыналъэм и суд IуэхущIапIэ №2-м и зэзыгъэкIуж судья къулыкъум пэрагъэуващ **Ашэбокъуэ Рашид**, Налшык и суд IуэхущIапIэ №17-м - **Мэлыхъуэ Эммэ**, Шэджэм суд IуэхущIапIэ №1-м - **Мырзэкъан Маринэ**, Налшык суд IуэхущIапIэ №16-м - **Шорман Аллэ.**

Пенсэ ныбжьым зэрынэсам къыхэкIыу, КъБР-м и Къэзыбж-къэзыпщытэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъум трагъэкIащ **Сарбашевэ ФатIимэ.**

ЗэIущIэм еджэгъуитIу къыщащтащ «Iэщ зехуэным теухуауэ» КъБР-м и законым и Iыхьэ щхьэхуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэнымкIэ, «Ветеринарием и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и 1-нэ, 10-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ проектхэр. Ахэр къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым щIы Iуэхухэмкlэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым.

КъБР-м къалэ ухуэныгъэхэмкIэ и законым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуа проектыр къыхилъхьащ КъБР-м и Правительствэм. ЗэIущIэм ар еджэгъуитIу къыщащтащ. Проектым теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**. Проектым къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м УхуэныгъэхэмкIэ и кодексым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и законым и 18-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэмрэ 22-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэмрэ къару ямыIэжу къэлъытэн хуейуэ.

Депутатхэм къащтащ республикэм и цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэху щхьэхуэм папщIэ зэдэарэзыуэ цIыху бжыгъэ пыухыкIам ахъшэ зэхалъхьэн хуей хъумэ, къуажэ, къалэ щхьэхуэхэм щыпсэухэр щызэхуэс хъуну щIыпIэхэр, хабзэхэр убзыхуным теухуа проектыр. Ар къыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым. Абы и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** зэрыжиIамкIэ, цIыхуипщI мынэхъмащIэм къыхалъхьэ жэрдэмым теухуауэ муниципалитетым и унафэщIхэм зэхуэсым и мардэхэр ягъэбелджылын хуейщ. Законопроектым и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ мылъку щIызэхалъхьэ Iуэхум и зэран къуажэм е къалэм щыпсэу нэгъуэщI цIыхухэм емыгъэкIыныр.

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор **Ульбашев Мухьэрбий** тепсэлъыхьащ 2021 гъэм и бжьыхьэ сессием ялэжьахэм. ЗэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр, республикэм и цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ илэжьхэм, хабзэубзыху IуэхущIафэу иригъэкIуэкIхэм, нэгъуэщIхэми.

Егоровэ Татьянэ сенаторым фIыщIэ хуищIащ республикэм дежкIэ щхьэпэ Iуэхухэр зэрилэжьым, Парламентым сытым дежи къызэрыпыщIам папщIэ.

«КъБР-м и Парламентым и депутатым и статусым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

Политикэ партхэм ятеухуа федеральнэ законым къызэригъэувымкIэ, КъБР-м и Парламентым и япэ зэIущIэм хэтыну хуитт Парламентым къыщымыгъэлъэгъуа парт щхьэхуэхэр. Политикэ партхэм а Iэмалыр къагъэсэбэпакъым.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 29,** *щэбэт*

♦**Ядернэ зауэр мыдэным цIыхухэр хузэщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**2001 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим дунейм ехыжащ.

♦Критик, АКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Чэмокъуэ Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр градуси 6 - 4 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 30,** *тхьэмахуэ*

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦**1933 гъэм** цIыху куэдым яхуэмыгъуа унафэ къыщащтащ Германием - Гитлер а къэралым и рейхсканцлеру ягъэуващ.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэгъаплъэ Аскэрбий.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 6 - 4 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 31,** *блыщхьэ*

♦**Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ**

♦**Интернетыр къыщамыгъэсэбэп дунейпсо махуэщ.** ЦIыхухэр зы махуэкIэ нэхъ мыхъуми «дунейпсо хъым» къыхэшыным хуэгъэзауэ ягъэуващ.

♦**1924 гъэм** Советхэм я етIуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦**1996 гъэм** къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦**1837 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий.**

♦**1926 гъэм** къалъхуащ адыгей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ.**

♦**1974 гъэм** къалъхуащ журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Ныбэжь Таисэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Бинижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.**

● Фэеплъ ●

# ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэ ин игъуэтащ. ЩIышылэм и 27-м и ныбжьыр илъэс 93-м иту дунейм ехыжащ УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр.**



КРИТИК, литературэдж, тхыдэдж, щIэныгъэлI Iэзэ ХьэкIуащэ Андрей ящыщщ лъэпкъ щIэныгъэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ я зыужьыныгъэм зи къару куэд езыхьэлIа еджагъэшхуэхэм. ХьэкIуащэр хуэфащэ дыдэу халъытащ иджырей лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа щIэныгъэ лэжьакIуэхэм, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа IэщIагъэлIхэм.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Арыкъ жылэм 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къыщалъхуа адыгэ щIалэр балигъыпIэ иува нэужь, курыт школым щызригъэгъуэта щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Ленинград къэрал университетым и филологие факультетым. Зи мурадхэм ерыщу хуэкIуэ, и къалэнхэмкIэ жэуаплыныгъэ ин зыхэзыщIэ студенту щытащ Андрей. Еджэным хъарзынэу зэрыпэлъэщым къыдэкIуэу, ар дахьэхащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми егъэджэныгъэ Iуэхухэми. А унэтIыныгъэхэм ди щIыналъэм зыщаужьыным зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ иужькIэ.

КъБКъУ-м щызэфIих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, ХьэкIуащэм дапщэщи иригъэкIуэкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэри. Абыхэм я нэхъ купщIафIэхэр еджагъэшхуэм лъабжьэ хуищIащ и кандидат, доктор диссертацэхэм. Адыгэ литературэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ ятеухуахэр, япэ ита лъэпкъ тхакIуэхэм ябгъэдэлъа зэфIэкIхэр наIуэ къыщищIахэр, нэгъуэщIхэри. 1982 гъэм хьэзыр ищIа а лэжьыгъэшхуэм, «Адыгэ узэщIакIуэхэр. XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэр» монографием, папщIэ ХьэкIуащэ Андрей къыфIащащ «филологие щIэныгъэхэм я доктор» цIэ лъагэр.

КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и профессору илъэс куэдкIэ щылэжьащ ХьэкIуащэ Андрей. Бгъэдэлъ щIэныгъэ куумкIэ, зэфIэкI къызэрымыкIуэхэмкIэ, гъэсэныгъэ екIумрэ гуапагъэмкIэ ар ядэгуэшащ къыдэлэжьахэм, иригъэджа цIыхуищэ бжыгъэхэм. Абы и студенту щымыта куэд яхэткъым мы зэманым лъэпкъ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм адыгэбзэм щелэжьхэм, ди республикэм и курыт школхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджхэм. ХьэкIуащэр я егъэджакIуэу къалъытэ ди щIыналъэм и тхакIуэхэм, артистхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс зэхуэмыдэхэм къэзыуха куэдым.

Гурэ псэкIэ адыгэ лъэпкъым хуэлэжьа IэщIагъэлIыр, жылагъуэм пщIэшхуэ щызиIа цIыху щыпкъэр, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъуу щыта щIэныгъэлI цIэрыIуэр сыт хуэдэ лэжьыгъэми жэуаплыныгъэ ин зыхищIэу пэрытащ. Апхуэдэ и Iуэху зехьэкIэ хьэлэлым папщIэ ХьэкIуащэ Андрей къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэр, щIыхьыцIэ лъагэхэр.

ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм, цIыхугъэ лъагэрэ зэхэщIыкI куурэ зыбгъэдэлъа IэщIагъэлIым, егъэджакIуэ Iэзэм, зигури зи псэри зэIухауэ дунейм тета адыгэлI нэсым, хьэлэлу зи лъэпкъым хуэлэжьа хэкупсэм, и фэеплъ нэхур куэдрэ я гум илъынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм.

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр,*
*КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр.*

# Къашыргъэ Билал Хьэнащхъуэ и къуэр



**Ди республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 92-м иту дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, композитор Къашыргъэ Билал Хьэнащхъуэ и къуэр.**

КЪАШЫРГЪЭ Билал уэрэд щитIым щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Край мой родной Кабарда», «Возьми меня в Балкарию», «Данэ бэлътоку...» уэрэд цIэрыIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Макъамэм гу хуезыгъэщIар, уеблэмэ композитор IэщIагъэм Билал къыхуэзыгъэушар, шэч хэмылъу, и анэ, пшынауэ Iэзэ Къашыргъэ КIурацэт. Билал и гъащIэ псом пхихащ сабийуэ и псэр зытхьэкъуа гурыщIэ гъэщIэгъуэн: ар жэщым Iурихыжырт, пщэдджыжьым къэушырт гъуазджэм гукIи псэкIи хуэпэж и анэм и Iэпэхэр зрижэ пшынэм къиIукI макъамэ дахащэхэр и тхьэкIумэм иту.

Ленинград консерваторэр къыщыщиуха 1956 гъэм къыщыщIэдзауэ 1998 гъэ хъуху Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым хэтащ Къашыргъэр. 1957 гъэм абы къыфIащащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр. КъБКъУ-м и «Къафэ» цIыхубэ ансамблым и художественнэ унафэщIу икIи къафэхэр игъэуву илъэс куэдкIэ лэжьащ.

Композитор гуащIафIэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, лъэпкъ макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыпэкIуэу.

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа цIыху телъыджэм, цIыхупсэр зыгъэбей дахагъэр зи IэрыкIыу псэуа адыгэлIым и фэеплъыр игъэлъэпIэнущ ар зыцIыхуу, абы пщIэ хуэзыщIу щыта дэтхэнэ зыми. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным елIэлIа, и лэжьэгъухэмрэ къыдэгъуэгурыкIуэхэмрэ пэжкIэ ябгъэдэта Къашыргъэ Билал Хьэнащхъуэ и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр,*
*КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр,*
*Дунейпсо Адыгэ Хасэр.*

● Иригъэджахэм къабгъэдэкIыу

# Лъэужь нэху къытхуэзыгъэна

**УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, ди литературэм и зэфIэувэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа IэщIагъэлI щыпкъэ, адыгэ еджагъэшхуэ ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр дунейм зэрехыжар зи жагъуэ мыхъуа яхэмытми ярейщ адыгэ Iуэху зезыхьэхэм, лъэпкъым и зыужьыныгъэхэм хуэлажьэхэм.**

КРИТИК Iэзэ, литературэдж IэкIуэлъакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр. 1948 - 1952 гъэхэм щеджащ Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым. Налшык къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей радиом щыIащ. 1953 гъэм ХьэкIуащэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэбэрдей къэрал пединститутым и аспирантурэм икIи 1955 гъэм ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэ купщIафIэм епха лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр еш имыIэу зэман кIыхькIэ иригъэкIуэкIащ ХьэкIуащэ Андрей. ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щаIащ а къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр еджагъэшхуэм лъабжьэ зыхуищIауэ щыта и кандидат, доктор диссертацэхэм.

1954 гъэм къыщыщIэдзауэ ХьэкIуащэ Андрей щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым, иужькIэ университетым я егъэджакIуэ нэхъыжьу. ПIалъэ зыбжанэкIэ (1961 - 1968, 1974 - 1976 гъгъ.) лэжьащ КъБКъУ-м и филологие факультетым и деканым и къуэдзэу, 1968 - 1973 гъэхэм КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доценту, иужькIэ кафедрэм и профессору щытащ. ЖыпIэнурамэ, Андрей и цIэмрэ университетым къикIуа гъуэгуанэмрэ куэдкIэ зэхьэлIащ, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэфIхэм щIэныгъэлIым и фIыгъэшхуи хэлъщ.

ЩIэблэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным зэфIэкIыу, къарууэ иIэр ирихьэлIэу илъэс 60-м щIигъукIэ лэжьа а IэщIагъэлI гъуэзэджэм иригъэджа студентхэм я бжыгъэр цIыху мин бжыгъэ мэхъу. Абыхэм къахэкIащ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр, журналист Iэзэхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, къэхутакIуэ гумызагъэхэр, хэкупсэ нэсхэр. Дапщэщи нэрылъагъут а IэщIагъэлI щыпкъэм акъыл куу, гупсысэ шэщIа зэрыбгъэдэлъыр, лъэпкъ щIэныгъэм зиужьынымкIэ абы и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, и IэнатIэм хуиIэ гудзакъэмрэ и Iуэху зехьэкIэмрэ студент куэдым гъуазэ зэрахуэхъур. Ноби куэдым ящIэж и лекцэ купщIафIэхэр, гъэщIэгъуэну ухуахэр, семинар хьэлэмэтхэр. Абыхэм ирихьэлIа дэтхэнэми ХьэкIуащэм и дерсхэм, шэч хэмылъу, къыхахащ акъылыщIэрэ гупсысэщIэрэ. ЕгъэджакIуэ, ущиякIуэ Iэзэм щIэныгъэм хуиIэ творческэ бгъэдыхьэкIэр, гъащIэм зэреплъ щIыкIэр я щапхъэу, студентищэхэр щIэдэIуащ абы и лекцэхэм. ГъэщIэгъуэныращи, зэи къэхъуакъым ХьэкIуащэм студентхэм я пщIэр щриудыха, яхуэмыфащэ щажриIа. Ар щIалэгъуалэм яхэтащ, пщIэ яхуищIу, езым хэлъ гъэсэныгъэ дахэр, нэмысыр и нэIэм щIэтхэм зэрызыхалъхьэным хущIэкъуу.

ЗэрыегъэджакIуэ Iэзэм хуэдэу, икIи критик IэкIуэлъакIуэт ХьэкIуащэ Андрей. Дэтхэнэ литературэ тхыгъэри нэсу зыхэзыщIэ, ар лъэныкъуэ куэдкIэ зэпкърызыхыф, и купщIэр къэзыхутэф, тхыгъэм и щыщIэныгъэхэри авторым и ехъулIэныгъэхэри зэ еплъыгъуэкIэ наIуэ къэзыщIыф IэщIагъэлIт ар. Езым и гъащIэ псом щыпхышауэ щытащ адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ епха къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр, а усакIуэшхуэм теухуауэ цIыхухэр зыщымыгъуазэ, щIэныгъэм щымыгъэбелджыла Iуэхугъуэхэр наIуэ къищIу.

И къэхутэныгъэхэр зэрыт тхылъ куэд, тхыгъэ щхьэхуэхэу щэ бжыгъэхэр и къалэмыпэм къыпыкIащ ХьэкIуащэ Андрей. Апхуэдэхэм ящыщщ «ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр» (1958), «Япэ адыгэ тхакIуэхэр» (1974), «Адыгэ узэщIакIуэхэр» (1978), «Адыгэ литературэм и тхыдэр» (1984), «Адыгэ усэ ухуэкIэр» (1998), «Псэм и джэрпэджэж. Литературэ-критикэ тхыгъэхэр» (2009), нэгъуэщIхэри. КъинэмыщIауэ, адыгэ литературэр курыт школым зэрыщадж тхылъхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм къыщагъэсэбэп литературэ пособиехэм, программэхэм я нэхъыбапIэр зи акъылымрэ зэфIэкIрэ къиихьар ХьэкIуащэращ.

Хэкупсэ нэсыр жыджэру хэтащ томитхуу зэхэт, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и зауэ щIыхьыр» зыфIаща тхылъышхуэр зыгъэхьэзырахэм. Ар жыджэру ядэлажьэрт ди республикэм къыщыдэкI журналхэми газетхэми.

Апхуэдэу зэрыщIэныгъэлI щыпкъэм, гумызагъэм къыдэкIуэу, Андрей цIыхугъэ лъагэ, зэхэщIыкI куу зиIэ, зи гуапагъэр куэдым ялъэIэс цIыхут. «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъу пэжыр, щIэджыкIакIуэ набдзэгубдзаплъэр щIэх-щIэхыурэ къэпсалъэрт редакцэм, чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ, еплъыкIэ хьэлэмэтхэмкIэ къыддэгуашэу. Сыт хуэдэ IуэхукIи ди щхьэ етхьэлIэми, лъэкIымкIэ щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъунум зэи шэч къытетхьэртэкъым хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхьа цIыху щыпкъэм.

Зи гупсысэри IуэхущIафэхэри щалъхуа адыгэ хэкум, къэралым яфI къызэрыкIын лэжьыгъэхэр зэфIэхыным, лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ дунейм тета ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэм и фэеплъыр куэдрэ ди гум илъынущ. Республикэм и тхыдэм лъэужь нэху къыщызыгъэна а еджагъэшхуэм и ужьыр махуэ тхурехъу псоми: и унагъуэм исхэми, къыдэлэжьахэми, и ныбжьэгъухэми, иригъэджа цIыху минхэми. Ахърэтыр унапIэ Тхьэм хуищI.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр ГТРК-м, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» республикэ газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик **ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр Кулиевым и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ **Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэм** хуогузавэ **и адэ Атмурзаев Мэжид Мэхьмут и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# МурадыщIэхэр дапщэщи и куэдт

**Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрыту зиужьыным, абы и къэралыгъуэр нэхъри гъэбыдэным, и цIыхухэм я ехъулIэныгъэ къызэрыкI Iуэхугъуэхэм дапщэщи хуолажьэ егъэджэныгъэ-щIэныгъэр. Абы и IэщIагъэлI нэсхэм яхэлъ гумызагъагъэмрэ жэрдэмыщIэхэмрэ, мурадыщIэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ пэрытхэмрэ я фIыщIэщ иджырей лъэхъэнэм а IэнатIэр здынэса лъагапIэхэм ящыщ куэд. Апхуэдэу зи лэжьыгъэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ пэрыта IэщIагъэлI щыпкъэхэм халъытэ РСФСР-м и профтехегъэджэныгъэм и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м педагогикэмрэ психологиемкIэ и кафедрэм и унафэщIу илъэс 20-м нэскIэ лэжьа Чым Юрэ Сэфарбий и къуэр.**

ЧЫМ Юрэ Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыкуэд къуажэм 1931 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыщалъхуащ. ЩIэныгъэм пщIэ щыхуащI унагъуэм къыхэкIа щIалэм и гур еджэным хузэIухати, Iэмал зэриIэкIэ нэхъыбэ зэрызригъэщIэным яужь итт. Псыкуэд дэт илъэсибл школым фIы дыдэу щеджа щIалэщIэр щIэтIысхьащ Налшык дэт педучилищэм икIи ари хъарзынэу къиухащ 1948 гъэм. Чымым мурад ищIащ и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну икIи а илъэс дыдэм еджэным щыпищащ Къэбэрдей къэрал пединститутым тхыдэмкIэ и факультетым. Зэрихабзэти, а еджапIэ нэхъыщхьэми фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ Юрэ. Хъарзынэу зэреджэм къыдэкIуэу, щIалэщIэр жыджэру хэтащ институтым щекIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэхэм. Апхуэдэу ар студент илъэсхэм къриубыдэу щылэжьащ Налшык дэт курыт школ №6-м, адыгэбзэмрэ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм яригъэджу.

1952 гъэм диплом плъыжьыр и Iэрылъхьэу Чым Юрэ къиухащ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетыр. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ, къэхутэныгъэхэм дахьэх щIалэщIэр щIэхъуэпсырт бгъэдэлъ зэфIэкIым адэкIи зригъэужьыну икIи ар и гуращэу Москва кIуащ. А гъэ дыдэм ар щIэтIысхьащ Ленином и цIэр зэрихьэу Москва дэта къэрал пединститутым и аспирантурэм, педагогикэмкIэ абы и кафедрэм епхауэ. Къэралым и щыхьэрым щигъэкIуа зэманыр купщIафIэу къигъэсэбэпащ Чымым. Илъэсищым къриубыдэу абы иригъэкIуэкIащ кандидат диссертацэм лъабжьэфI хуэпщI хъуну къэхутэныгъэхэр. Ахэр Юрэ къыщызэщIикъуэжа и щIэныгъэ лэжьыгъэр 1955 гъэм ирихьэлIэу хьэзыр хъуати, утыку ирихьащ икIи ехъулIэныгъэкIэ Москва щыпхигъэкIащ.

ЗыIэригъэхьа щIэныгъэщIэхэм дамэ къытригъэкIарэ лэжьыгъэм и гур хузэIухауэ щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ адыгэ щIалэм. А илъэсым и бжьыхьэм Юрэ занщIэу къащтащ пединститутым педагогикэмрэ психологиемкIэ и кафедрэм егъэджакIуэ нэхъыжьу. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэр щыгуфIыкIащ апхуэдэ IэщIагъэлI жыджэр лэжьакIуэ гупым къазэрыхыхьам. Ахэр фIыуэ щыгъуазэ хъуат Чымым и Iуэху зехьэкIэ мардэхэм, сыту жыпIэмэ аспирантурэм щыщIэса илъэсхэм я гъэмахуэхэм Юрэ педагогикэмрэ педагогикэм и тхыдэмкIэ лекцэ купщIафIэхэм къахуеджэ хабзэт щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныри лэжьыгъэ IэнатIэри зэдэзыхь студент гупхэм. 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэIуаха нэужь, Чым Юрэ и пашэ хъуащ щылажьэ кафедрэм икIи илъэс 17-м щIигъукIэ а къулыкъур къызыхуэтыншэу ирихьэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм къриубыдэу Чым Юрэ пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэ куэдым. Ар лэжьащ егъэджакIуэхэм я Iэзагъым щыхагъахъуэу КъБКъУ-м къепхауэ лажьэ институтым и проректору, университетым и методикэ советым и унафэщIым и къуэдзэу. Илъэс 20-м щIигъукIэ Чымыр и унафэщIу щытащ Урысей Федерацэм и педагогикэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм. Апхуэдэу ар и пашэт «ЩIэныгъэ» къэралпсо зэгухьэныгъэм ди республикэм щиIэ IэнатIэм, педагогикэмрэ психологиемкIэ и къудамэм и унафэщIу. А IэнатIэхэр псэ хьэлэлу ирихьэкIыу, щIэныгъэлI Iэзэм гулъытэшхуэ хуищIырт курыт школым, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт училищэхэм щекIуэкI егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным, щIэблэм яхэт а унэтIакIуэхэр творческэу лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэнымкIэ щапхъэ яхуэхъуу, дерсхэр яригъэлъагъуу. МурадыщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ зи куэд IэщIагъэлIым и жэрдэмкIэ еджапIэхэм а лъэхъэнэм мызэмытIэу къыщызэрагъэпэщащ икIи купщIафIэу щрагъэкIуэкIащ щIэныгъэ-практикэ, методикэ конференцхэр, семинархэр.

Илъэс 50-м щIигъукIэ Чымыр ядэлэжьащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и IэщIагъэлIхэм. Абы и нэIэм щIэту ди щIыналъэм зэман кIыхькIэ щылэжьащ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт училищэхэм щезыгъаджэхэм, мастерхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ курсхэр. Абы щыгъуэ зэфIиха лэжьыгъэшхуэр къалъытэжри, Юрэ къыфIащауэ щытащ «РСФСР-м профтехегъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэр.

Зи гъащIэр Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIа цIыхуу щытащ Чым Юрэ. Университетым, институтым щызэфIигъэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм къадэкIуэу, абы иригъэкIуэкIырт педагогикэмрэ абы и тхыдэмрэ епха къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. А унэтIыныгъэмкIэ ди республикэм, къэралым щызэхашэ щIэныгъэ зэхуэсхэм ирагъэблагъэрт ар икIи щIэуэ къиугъуея Iуэхугъуэхэм ятеухуа доклад купщIафIэхэр утыкушхуэхэм щищIырт. Еджагъэшхуэм и къэхутэныгъэхэр къытрадзащ ди къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм. Псори зэхэту къапщтэмэ, Чым Юрэ и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 60-м щIигъу. «СССР-м и курыт школым и тхыдэмрэ абы ис лъэпкъхэм я педагогикэ Iэзагъымрэ ятеухуа очеркхэр» том куэд хъууэ ди къэралым къыщыдэкIауэ щыта тхылъым ихуащ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм ехьэлIауэ адыгэ щIэныгъэлIым игъэхьэзыра тхыгъэхэр.

Республикэм, университетым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми дапщэщи жыджэру хэтащ хэкупсэ нэсыр. Илъэс 50-м щIигъукIэ Юрэ КъБКъУ-м и профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэу лэжьащ. КъБКъУ-м и парткомым хэту, абы и тхыдэ-филологие факультетым и парт бюром и секретару, ЩIэныгъэ советым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ ар. КъБКъУ-м Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ къалэнри щIыхьрэ пщIэрэ иIэу илъэси 10-кIэ ирихьэкIащ Чымым. Абы пщIэшхуэ щиIэт жылагъуэми, и лэжьэгъухэми, иригъаджэхэми я деж.

Жылагъуэм щIэныгъэм зыщегъэужьыным, абы и пщIэр къыщыIэтыным къаруушхуэ ирихьэлIащ Чымым. ЗэфIих апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ къэралпсо педагогикэ зэгухьэныгъэм и Совет нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Ушинский Константин и цIэр зезыхьэ медалыр, КъБР-м и Парламентым, Ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Президиумым, нэгъуэщI къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

Апхуэдэу хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхьа Чымым и дэтхэнэ махуэри хуигъэпсауэ щытащ щалъхуа щIыналъэм, зыпэрыта щIэныгъэ-егъэджэныгъэ IэнатIэм заужьыным. Ар дунейм ехыжащ 2011 гъэм и гъатхэпэм. Чым Юрэ Сэфарбий и къуэм и фэеплъ нэхур яхъумэ къыщIэна унагъуэм исхэм, зыдэлэжьа гупым, зыцIыхуу щыта куэдым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# Кавказ щэнхабзэм итхьэкъуа япон щIалэ



***Ижь-ижьыж лъандэрэ хамэ къэрал куэдым щыщ къэхутакIуэхэр хуабжьу дехьэх Кавказым ис лъэпкъхэм я тхыдэм, псэукIэм, къекIуэкIыкIам. Нобэ фэдгъэцIыхуну дыхуейщ апхуэдэ зы, зи ныбжьыр илъэс 19 фIэкIа мыхъу Японием щыщ Нозаки Тайга.***

***АпхуэдизкIэ кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэр зигу дыхьа япон щIалэщIэм езым абы зыхуигъэсэным къищынэмыщIауэ, гуп зригъэпэщауэ Японием и къалащхьэм ди къафэхэм щыхуегъасэ. ТокиодэсымвидеодерсхэмкIэ зригъэщIащ ахэр. Тайга ещIэ адыгэ, шэшэн, куржы, осетин къафэхэр. Токио дэт шхапIэ инхэм ирагъэблагъэурэ абыхэм къыщофэ, пшыхьхэр егъэдахэ.***

***Иджыри курыт еджапIэм щыщIэсым кавказ лъэпкъхэм я тхыдэр зригъэщIэным дихьэхащ Нозаки. Бгырысхэм я къафэр къыщилъэгъуам къыщыщIэдзауэ, къыгурыIуащ абы фIэкIа нэгъуэщI зэрыхуэмейр.***

**- Тайга, кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэр дауэ къэпцIыхуа?**

- Адыгэ къафэр сигу щIыдыхьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ а къафэм зауэлIым и къарур, балетым и дахагъэр, тхыдэр къызэрызэщIиубыдэр. Илъэс 12 сыщыхъум къыщыщIэдзауэ европей щэнхабзэм зыщызгъэгъуазэн щIэздзащ. Зэман дэкIри интернетым зэрымыщIэкIэ сыщрихьэлIащ къамэхэр щагъэджэгу кавказ къафэкIэм. Гъуазджэр зи лъабжьэ спорт - апхуэдэущ сэ абы сызэреплъыр. Абы къыщыщIэдзауэ кавказ лъэпкъ къафэхэм сыдихьэхащ.

Мазэ зыбжанэкIэ урысыбзэр зэзгъэщIащ. Адыгэ уэрэдхэр жызоIэф. Си ныбжьэгъу куэд хамэ къэрал щэнхабзэхэм зыхагъэгъуазэ. Кавказ лъэпкъхэм ятеухуауэ диIэ еплъыкIэхэмкIэ дызэдогуашэ. Ауэ си унагъуэр апхуэдэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэм дихьэхкъым, хамэ къэралхэм къикIауэ Японием щыпсэур мащIэ дыдэщи. Абы къыхэкIкIэ ди гъунапкъэм и адрыщIкIэ щыIэ лъэпкъхэр куэдым къафIэIуэхукъым.

Хамэ къэралхэм зэи сыщыIакъым. Псом хуэмыдэу си нэ къокI Кавказым сыкIуэну. Лъэпкъ къафэр къыщежьам нэхъ кууэ зыщыхуэзгъэсэну сыхуейщ. ИнтернеткIэ дызэрыцIыхуауэ сахуотхэ Тыркум щыщ шэрджэсхэм, Иорданиемрэ США-мрэ щыIэ шэшэнхэм, иджы си гуапэу нэхъ гъунэгъуу къэсцIыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэхэр.

**- Япон щэнхабзэм уи гъащIэм сыт хуэдэ увыпIэ щиIыгъ? Уэ къыбопщытэ фэ куэдкIэ фпэжыжьэ дунейм и зы Iыхьэ.**

- Японымрэ Кавказымрэ я щэнхабзэхэм икъукIэ зэтехуэныгъэ куэд хэлъщ. Абы къыхэкIкIэ гугъуехьышхуэ къыхэкIкъым си лъэпкъым и щэнхабзэри схъумэн, кавказ щэнхабзэми зыщызгъэгъуазэным.

**- Кавказ щэнхабзэм и сыт хуэдэ лIэужьыгъуэра уи гум нэхъ дыхьэр?**

- Псом хуэмыдэу сэ сфIэфIщ къафэхэмрэ макъамэхэмрэ. Пшынэм и макъамэ дахэр сигу ирохь, барабаным и теуэкIэр гу къеуэкIэм хуэдэщ. Адыгэ лъэпкъым и къафэкIэр зыхуэбгъадэ хъун щымыIэщ.

**- Ди щэнхабзэм теухуауэ сыт хуэдэ хъыбар ебгъэщIэну ухуейт дуней псом?**

- Кавказым ис лъэпкъхэм икъукIэ щэнхабзэ дахэ, тхыдэ куу яIэщ. Абыхэм хуэдэ дуней псом щыIэу си фIэщ хъуркъым. Ауэ Кавказым щыпсэу си ныбжьэгъур хуабжьу егъэгузавэ, лъэпкъ хабзэхэм тет, абы къыпызыщэ щIалэгъуалэр икъукIэ мащIэ зэрыхъуам. Апхуэдэ гукъеуэ Япониеми щыщыIэщ. Глобализацэмрэ интернетымрэ дуней псор зэригъэуIуащ, арщхьэкIэ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIыу щыта хъугъуэфIыгъуэхэр игъэкIуэдащ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, IэмалыфIи къытхукъуэкIауэ жыпIэ хъунущ - интернетыр къэдгъэсэбэпурэ кавказ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ дуней псом щызэбгредгъэхыфынущ.

ЩIалэгъуалэм захуэзгъазэу къыхузоджэ, фи лъэпкъ щэнхабзэр, тхыдэр фхъумэну, абы фытетыну. Ди лъэпкъыр дэ дымыхъумэжмэ, зыми ар къытхуищIэнукъым.



*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

ДифI догъэлъапIэ

# ГъащIэ кIыхь зиIэ уэрэдхэр зи Iэрыкl

## Жырыкъ Заур къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

**Уэрэдым нэхъыбэу цIэрыIуэ ирихъур ар жызыIэрщ, псалъэхэр зеймрэ абы макъамэ щIэзылъхьамрэ, ублэмэ щIэупщIэр мащIэщ. Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Жырыкъ Заури а «нэрымылъагъухэм» ящыщщ.**

АПХУЭДЭУ щыт пэтми, жыIэпхъэщ Заур уэрэду, романсу, нэгъуэщI макъамэ лIэужьыгъуэу (IутIыж Борис либреттэ зыхуитха «Гуащэмыдэхьэблэ» гушыIэ-водевилымрэ «Нанэ къевгъэгъэзэж» мюзиклымрэ, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэрэ Къэжэр Пётррэ я либреттэр зи лъабжьэ «Гум и щэху» лирикэ макъамэ комедиер, нэгъуэщIхэри) щиплIым щIигъу зэриIэр. Апхуэдэуи Жырыкъым и къалэмыпэм къыщIэкIащ макъамэ таурыхъ зыбжанэ, фортепианнэм, нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ ягъэзэщIэн сабий пьесэхэр, струннэ квартет, дунейм къытригъэхьащ уэрэдхэмрэ романсхэмрэ иту тхылъитху, сабийхэм папщIэ тхылъитI.

Хэт зэхэзымыхар «Къэбэрдей», «КъэтIыс, шынэхъыщIэ», «Кърухэр», «Си гъатхэ», «Уи деж», «Сэрмакъ къуажэу - Бабыгуей», «Къосыр уэс», «Си насып», «Сыт уи дыгъуасэ, сыт уи пщэдей?», «Ладонь для птиц», «Есенин», «Фестиваль», «Дай мне радости, жизнь» уэрэдхэр?! КIыщокъуэ Алим, Бещтокъуэ Хьэбас, Уэрэзей Афлик, Къэжэр Пётр, Вындыжь Марие, Бицу Анатолэ, Гуртуев Сэлихь, МэшбащIэ Исхьэкъ, нэгъуэщIхэми я псалъэхэр зыщIэлъ а лэжьыгъэхэр куэд мэхъу.

Модуньо и «Черный дракон» опереттэм Ферерэ Стинковскэмрэ хуатха либреттэр, Штраус Иоганн и «Летучая мышь» опереттэм Эрдманрэ Вольнинрэ я либреттэр, нэгъуэщIхэри адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, нэгъуэщI лъэпкъхэм ейуэ урыс литературэбзэм иригъэзэгъахэри иIэщ.

Зэрынэрылъагъущи, Жырыкъ Заур макъамэ гъуазджэм, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм, хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. 1992 гъэм къыщыщIэдзауэ ар хэтщ Урысей Федерацэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм. Илъэс куэд щIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарщ, Музыкэ театрым и литчастым и унафэщIщ. И зэфIэкIымрэ и лэжьыгъэмрэ къыпэкIуэу абы къыхуагъэфэщащ (1998 гъэм) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Сэ куэд щIауэ соцIыху Заур, мызэмытIэуи сыхуэзащ, сепсэлъащ, езым теухуами, тхыгъэ зыхуэдгъэхьэзырхэм я гугъу езгъэщIми. ЖиIэн зиIэ, цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэми къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэми еплъыкIэ щхьэхуэ хузиIэ цIыхум удэуэршэрыну гуапэщ, гухэхъуэщ...

Япэ, етIуанэ классхэм щIэсу Заур усэ тхыным дихьэхат. Сабий усэу тетрадь зытIущ хъун итхат, едзыгъуэ тхущI хуэдиз хъу зы тхыгъэшхуэ, езым поэмэ и гугъэр, хэтыжу. Усэхэм къеджэжа иужь щIалэщIэм къыгурыIуащ ахэр зэрымыпщIэгъуалэр, ауэ IуэхущIэм и гъунэ зэрырилъар.

Илъэс зытIущ дэкIыу музыкальнэ интернатым щыщIэтIысхьэм, макъамэр псэкIэ зыхищIэ хъуащ. «Хуэм-хуэмурэ си къару згъэунэхун щIэздзащ. Балэ Мухьэдин сольфеджиомкIэ дригъаджэрт. Зы махуэ гуэрым сэ абы естащ макъамэ цIыкIу зыбгъупщI, «кхъыIэ, схуеплъ, хъун хэту пIэрэ?» жысIэри. Сызыбгъэдигъэтlысхьэри, гупсэхуу еплъащ, зытIу къыхихри: «Мис мыбыхэм елэжь, хъарзынэу къохъулIэ», - къызжиIат», - игу къегъэкIыж Заур.

Зэман дэкIауэ макъамэ зытххэм я семинар ди республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIырт. Абы илъэс 13 фIэкIа мыхъу Жырыкъыр щрагъэблагъэм, къыгурыIуащ и IэдакъэщIэкI цIыкIухэм Мухьэдин хуэфэщэн гулъытэ зэрыхуищIар. Зэгухьэныгъэм и унафэщI Къардэн Хьэсэнрэ жэуап зыхь секретарь Балэ Мухьэдинрэ макъамэ тхыным гупыж хуэзыщIахэм ядэлэжьэну, я дерсхэм щIагъэдэIуну я пщэ далъхьэжати, Балэм къищта гупым Заур яхэхуащ. «Зы илъэсым и кIуэцIкIэ макъамэ гъэпсыкIэхэри сигъащIэри, пианинэм и гъусэу ягъэзэщIэну уэрэд цIыкIуиплI стхат. Иджыпсту жысIэфынукъым ахэр гъэщIэгъуэныщэ хъуауэ щытауэ, ауэ отчётнэ концертым Сыжажэ Мухьэжид щыжиIауэ щытащ абыхэм щыщу щыр», - жеIэ Заур.



Илъэс зыкъуоми дэкIыжауэ, культпросвет училищэм Жырыкъ Заур щригъаджэу, зы хъыджэбз цIыкIу пианинэм бгъэдэст япэ дыдэу Заур зэхилъхьа макъамэ цIыкIухэм ящыщ еуэу. Ар къыздрихам, щищIэмкIэ композиторыр щыщIэупщIэм, цIыхубэ макъамэу къыжриIащ. «Зэрыхъуагъэнуращ: еджапIэм дыщыщIэсым зэхэслъхьа макъамэр гугъутэкъыми, си гъусэхэр, я къуажэхэм кIуэжа иужь, зрагъэщIахэм щыщ гуэр зыхрагъэхыну я Iыхьлы къелъэIухэм яхуеуэу къыщIэкIынт. А щIыкIэм тету ежьамэ, зытхами щIэупщIар хэт? Апхуэдэу щыхъум, иужькIэ къыдэзгъэкIа тхылъхэми хэзгъэхьакъым ар, цIыхубэмэ ирецIыхубэ жысIэри», - къыхегъэщ а Iуэхур и гуапэ зэрыхъуар имыбзыщIу Заур.

Творчествэм къигъэхъуапIэ хуэхъунур пщIэнукъым. И анэшхуэм и деж Алътуд къуажэм кIуэжа иужь, зи гъусэ хабзэ и ныбжьэгъухэр псори губгъуэм итт. Зэш тегъэууэ абыхэм мэкъуауэ е хэдапщIэ ядэкIуэ хабзэт Заур. «Зы махуэ гуэрым апхуэдэу губгъуэм дыщыIэу, Казбек бгым щыщIэдзауэ Iуащхьэмахуэ нэсыху уазэрыIуплъэм, а теплъэ дахэм си гум макъамэ хьэзыр къригъэдзащ, Гуртуев Берд и усэ цIыкIу гукIэ сщIэм и ежьуу. ФIанэри зэзгъэтIылъэкIри, жэрыгъэкIэ сыкъэкIуэжащ. Унэм сыкъэсыжыху уэрэдым и пэщIэдзэри стхакIэт. «Нотэ стан» жыхуаIэр псынщIэу истхъэри, ар Мухьэдин зрезгъэлъэгъуным сыхуэпIащIэу къуажэм сыкъыдэкIыжащ, - жеIэ Заур. - Сыт хуэдэ IуэхукIэ убгъэдэмыхьами «хьэуэ» псалъэ зымыщIа Мухьэдин сыхуэарэзыщ. Абы щыгъуэ шэч къытримыхьэу жиIат а лэжьыгъэр зэрагъэзэщIэнур икIи профессиональнэу аращ япэ къысIэщIэтхыхьар жысIэкIэ пцIыупс сыхъунукъым. Илъэс 16 сыхъуу арат абы щыгъуэ».

И щIэныгъэр зыхуримыкъухэм и деж Балэр къыдэIэпыкъуурэ уэрэд зыбжанэ итха иужь, адэкIэ езым «есыкIэ» ищIащ.

Псори фIы дыдэу зыщыгъуазэ «Ладонь для птиц» уэрэдыр Жырыкъым и IэдакъэщIэкIхэм къахэмылыдыкIыу схужыIэнукъым. «Ар зэрыхъуаращ, Залинэ, утыкушхуэм ихьащ, цIыху цIэрыIуэ Тут Заур игъэзащIэу. Абы къыхэкIыу нэхъыбэм зэхахащ. Мыдрейхэм яхэтщ абы къыкIэрымыхухэр, ауэ хуэфащэ гулъытэ ямыгъуэтауэ. Сэ схужыIэнукъым ар къызыхэкIыр. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Ладонь для птиц» уэрэдыр стхыну сигу къэмыкI щIыкIэ дунейм къытехьащ «Уи деж» (псалъэхэр зейр Къэжэр Пётрщ) уэрэдыр. Адыгэм и япэ лъэпкъ эстрадэ уэрэду ялъытэ ар. ЩэнхабзэмкIэ паркым иIэу щытащ «Далитон» эстрадэ оркестр, Касовский Владимир и унафэщIу. Иджыри щIалэ цIыкIуу Тут Заур абы уэрэд щыжиIэрт. ИгъэзащIэр уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я репертуарым щыщхэрт. Езым ейуэ зыгуэр жиIэн хуей щыхъум, абы и макъым тещIыхьауэ стха уэрэд сызэриIэр жесIащ, езыми игу ирихьащ. Ар щигъэзэщIам псори Iэнкун хъуат, зэфIэкIышхуэ зэриIэри цIыхубэм къезыгъэщIар арауэ жыпIэ хъунущ», - жеIэ Заур. Радиом щрагъэтхат цIыхум зэрипхъуэтэным шэч къытрамыхьэу. Илъэс никъуэкIэ кърагъэтын ямыдэу щIэлъа иужь, телевиденэм щылажьэ Гачияев Сэхьид илъэсыщIэм ирихьэлIэу игъэхьэзыр щIалэгъуалэ концерт программэм хигъэхьащ. Апхуэдэу зэхахащ, цIыхухэр щIэлъэIуу хуежьэри, сыт ящIэжынт, махуэкъэс жыхуаIэм хуэдэу къатын хуей хъуащ. Тут Заури цIэрыIуэу къэушащ, «адыгэ уэрэджыIакIуэ къэунэхуащ» жаIэу. Адыгэ эстрадэ уэрэд зытх композитор лъэпкъым иIэ щыхъуари абы щыгъуэщ.

Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI эстрадэ уэрэдхэри, ахэр ди артист гъуэзэджэхэм ягъэзэщIащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Си гъатхэ»-р жиIэрт Музыкэ театрым и солист Дэбагъуэ Хьэсэн. «Уи уэрэдыр» жысIэурэ ди щIыналъэм и щIыхьыцIэр къысфIащащ, иджы фэтэр къыщIызатын зы уэрэд схуэус», - къызжиIэрт си ныбжьэгъу гушыIэрейм», - игу къегъэкIыж Заур.

Лэжьыгъэ гъэщIэгъуэныщэщ Бицу Анатолэ «Къосыр уэс» и усэр зи лъабжьэ романсыр. Ар адыгэ лъэпкъым и романс нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэ. Абы убгъуауэ тетхыхьащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор Ащхъуэт Беслъэн.

УсакIуэ куэдым ядэлэжьащ Заур, я фIыщIэри зыщIыпIэ деж щигъэкIуэдыркъым. ИлъэситI фIэкIа адыгэбзэ емыджа щIалэм уэрсэру бзэр ищIэ къудейм къыщымынэу, абы литературэбзэкIэ иритхэфу зэрыхъуар зи фIыщIэу къилъытэр ахэращ. И ныбжьэгъухэм ящIыгъу къудейтэкъым ар, я IэдакъэщIэкIхэм еджэрт, и купщIэр нэсу къызэрыгурыIуэным хущIэкъурт. ЖыпIэнурамэ, зэрызэныкъуэкъужым, и щIэныгъэм хигъэхъуэну сытым дежи зэрыхущIэкъум и фIыщIэкIэ и бзэр къута хъуащ. Ар наIуэу къегъэлъагъуэ сабий псысэ цIыкIухэм макъамэ екIуу зэрыщIилъхьам, ахэр тхылъ щхьэхуэу («Дыгъужь кIэн», «Хьэзырищ») дунейм къызэрытехьам. «Макъамэм теухуар си лъым хэлът, къыздалъхуати сылъыхъуэн хуей хъущакъым, бзэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ сызэлэжьыжащ», - жеIэ Заур.

ЩIыпIэ щхьэхуэ Жырыкъым и творчествэм щеубыд Семэн Руслан и IэдакъэщIэкIхэр зи лъабжьэхэм. «Руслан си ныбжьэгъут, игъащIэми зэгъусэу дыкъызыдэгъуэгурыкIуат, ауэ псэуху и зы уси макъамэ схущIэлъхьакъым. И псэм и къабзагъэмрэ и дуней еплъыкIэмрэ къыпхопс абы и IэдакъэщIэкIхэм. И щIалэгъуэм иIа гупсысэкIэр къыдэкIуэтея иужьи и псэм къыхэнат, и усэхэми ар къыхэщырт. Къыхэсхын хуэдэу зыбжанэ къысхуихьыртэкъым, зы сигъэлъагъукIэ зэуэ си гум зыри къримыдзэурэ екIуэкIырт. Ацкъан Русланрэ Бгъэжьнокъуэ Зауррэ, Руслан и шыпхъу Жаннэ я гъусэу, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъыр къыдагъэкIа иужь, зэуIуу седжэну Iэмал згъуэтащ. Си хоровой циклым Руслан и псалъэ зыщIэлъ лэжьыгъищ хыхьащ, романситху стхащ. ЗэкIэ аращ Семэным и творчествэм щыщу си акъылымрэ зэфIэкIымрэ зыхунэсар», - жеIэ Заур.

Иджыпсту Жырыкъым етхыж и гъащIэр къызэрекIуэкIар, зыхуэзахэр, и уэрэдхэм я къежьапIэр, нэгъуэщI хъыбархэри щызэхуихьэсыж тхылъ. Ар композиторым и гуащIэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм щIэщыгъуэ зэращыхъунум шэч хэлъкъыми, и мурадыр ди гуапэщ къехъулIэну.

Музыкэ театрым и гугъу щищIкIэ, Заур игу къеуэу къыхегъэщ а IуэхущIапIэм дэлэжьэф усакIуэ, литератор дызэримыIэр. «Сэ сощIэ, ауэ литературэбзэкIэ сыпэлъэщыркъым либреттэр стхыну. Оперэм, опереттэм я либреттэ тхыкIэ щхьэхуэхэм хащIыкIыркъыми, усакIуэхэм ущелъэIукIэ поэмэ дэгъуэ дыдэ пхуатх, абы и жыпхъэм «яфIоувэ» ар зищIысыр ящIэри. Бзэр утыкум екIун, щыджэгун хуейщ, ар пэжу птхыкIэ зэфIэкIынукъым», - къыхегъэщ Жырыкъым. И жагъуэ мэхъу тхакIуэусакIуэхэм, композиторхэм яхуэфэщэн гулъытэ къэралым зэрахуимыщIыр, я Iуэхум зэрытрамыгъэгушхуэр, нэхъыжьхэм ящIэну зыхущIэкъуамрэ иджыпсту щыIэхэр зыхуэпабгъэмрэ зэрызэтемыхуэр. «Уэрэдым щIэлъ псалъэм купщIэ иIэн хуейщ, ублэмэ купщIэ защIэу щытыпхъэщ, - жеIэ Заур. Сэ зэи сытхакъым цIыхум сахуотхэ жысIэу. Япэ дыдэрауэ арэзы сщIыну сызыхущIэкъуар си щхьэращ, къэзгъэщIаIами си гум къишхыдыкIауэ аращ. IэдакъэщIэкIыр нэхъыфI зэрыхъуным яужь уитрэ цIыхур акъылэгъу къыбдэхъумэ, пщIэм и мыхьэнэр къагурыIуэмэ, ар я щхьэм хуахьыжыфмэ, я гупсысэкIэм техуэмэ – Iуэхур къохъулIащ. Армырамэ, псыхэкIуадэщ».

Куэдрэ урихьэлIэркъым зэфIэкIышхуэ зиIэ цIыхум и бынхэр езым ещхь щыхъуж. Ауэ абыкIэ и насып къикIащ. Заур пхъуитI иIэщи, тIури Тхьэм узэрелъэIунщ. Псоми тцIыху уэрэджыIакIуэ Къул Лянэ уэрэдымрэ къафэмкIэ КъБКъУ-м и «Амикс» театрым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщщ икIи и гъэсакIуэщ. Данэщи зыхэмызагъэр укIуэдыж: ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр пианисткэу къиухащ, сурэт ещI, уэрэд, макъамэ, тхылъ етх, инджылыбзэкIэ усэ зэхелъхьэ, макъамэр компьютер IэмалхэмкIэ зыхуей хуегъазэ. Дэтхэнэри хъарзынэу къызэрехъулIэм, и гум зэрыдыхьэм къыхэкIыу зым къытеувыIэну пIащIэркъым.

Пхъурылъхуу хъыджэбзитI иIэщи, зым Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр училищэм щеджэри къэкIуэжауэ мэлажьэ. ЕтIуанэм ДизайнымкIэ колледжыр къиухащ.

Ди республикэм фIыуэ щацIыху, фIыуэ щалъагъу, зи гуащIэм пщIэ щыхуащI композиторым и гъащIэр къехъулIащ жыпIэкIэ пцIыупс урихъунукъым. Иджыри къэс иIа ехъулIэныгъэмрэ лэжьыгъэм пэзыгъэлъэща гукъыдэжымрэ мыкIуэщIу куэдрэ, лъэпкъым хуэлэжьэну, къыхуэныкъуэхэм узыншэу яхуэпсэуну ди гуапэщ.

Си тхыгъэр сыухыну сыхуейщ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Даур Аслъэн Жырыкъым и творчествэм теухуа и псалъэхэмкIэ.

- Сыт хуэдиз уэрэдрэ макъамэу зэхэсха сэ: зэманым екIухэри емыкIухэри, псэм едэхащIэхэри абы къимыщтэхэри. Дэнэ щыIэ ахэр? Хэт ахэр зыщIэжыр? Уэрэдыр псэм къыбгъэдэкIыу тхамэ, ар зи IэдакъэщIэкI композиторым цIыхубэм и макъыр зэхихамэ, абы и бэуэкIэ зыхищIамэ, илъэсипщI бжыгъэхэр дэкIыху жьы мыхъуу а макъамэр псэунущ. Апхуэдэ уэрэдхэр иIэщ Жырыкъ Заур, абыхэм гъащIэ кIыхь къапэщылъыщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

Iуэтэж (гъэкIэщIауэ)

# Нэ ещанэ



*Сурэтыр* **Чакветадзе Нино** *ейщ.*

Дэ къуажэкIэм дыщыст. Ихъуреягъыр хъупIэрэ, нэм илъагъур щхъуантIэу. КъуажэкIэ дыдэ дыхъунт ди хадапхэм дадэ нанэ зыфIэсщахэр имысамэ.

Ахъмэтхъанрэ Зилэрэ жьы дыдэ хъуат, зэдэарэзыуэ жьы ядэхъуат абыхэм я хъуреягъри. Джэдкъазым сэхур илъэс къэс къызыкIэрашхыкI унэм къытегуплIэу къыпщыхъу кхъуэщыныщхьэ тхъуар, гъащIэ хьэлъэм зи плIэр Iушэ ищIа пхъэбжэ зэIухымрэ, къыдыхьэмрэ дэкIыжымрэ еплъыр щхьэгъубжэ цIыкIухэмрэ ноби си нэгум щIэкIкъым. Фи фIэщI зэрыхъун, таурыхъ лъахэт ар! ПщIантIэшхуэмрэ пщIантIэ цIыкIумрэ бжыхь лъахъшэкIэ зэпрыхукIат.

Ди хадапхэм ис щхьэкIэ, ахэр ди унагъуэм щыщ хуэдэт, хьэуэ къэкIуэрейтэкъым, уеблэмэ къэкIуэххэтэкъым ахэр ди деж. СощIэж, ди мамэ сымаджэу мазэ ирикъукIэ сымаджэщым щIэлъати, апхуэдиз Iыхьлы лыджанэу диIэм, нэхъыбэ дыдэрэ сабий быным къыткIэлъыкIуари къыткIэлъыIэбари нанэ Зилэрэ дадэ Ахъмэтхъанрэт. Иджы куэдрэ си жагъуэ хъууэ согупсысыж, ахэр псэуху дадэ нанэкIэ седжэну сызэрытемыгушхуамкIэ. Къеджэни я гъунэжт абыхэм, ауэ сэ дапщэщи къысщыхъурт абыхэми псоми сыхагъэфIыкIыу. Си сабиигъуэр къызэрыгуэкI дыдэу щытынкIи хъунт а тIум нэмыщIамэ. Си цIыкIущхьэ си нэгу къыщIыхьэжыху, сигу къыщыкIыжыным ежьэ хуэдэ, дадэрэ нанэрэ тетIысхьэпIэм тесу, IэдакъэжьауэящIауэ къызэплъу солъагъу.

Куэдрэ согупсыс адэшхуэ-анэшхуэм гъащIэм щагъэзащIэ къалэным. Дапщэщи хьэкъ сщохъуж, ахэр къуэрылъху пхъурылъхухэм я дежкIэ нэ ещанэу зэрыщытыр. Ауэ а нэ ещанэм илъагъури, зыхицIыхукIри мыдрей тIум зыкIи ещхькъым. Ар зым хуэмыдэжууи сэ згъэунэхуащ.

Ахъмэтхъан лIы кIэгъу кIыхьышхуэт, нэгъуджэ Iув хъужу. Илъэс куэдкIэ почтэм щылэжьати, газет фIыуэ илъагъурт. Уеблэмэ пасэ зэманым къыдэкIыу щыта газетхэм щыщ зыри иримыгъэIусэу зэрихьэрт, нэхъ гъэщIэгъуэну къыщыхъухэр сигъэлъагъурт, почтэм зэрыщылэжьам и хъыбар жиIэжурэ. Ахъмэтхъан куэдым къагурымыIуэ хьэл гъэщIэгъуэнхэр хэлът. Псалъэм папщIэ, абы я пщIантIэ псынэ дригъашэртэкъым, гъуэгубгъум Iуту къакIуэ бжьамийм тет псынэжьым къыщищтэрт абы псыр. Я нэхъ псынщIэу къыщижым, зы сыхьэтым псы пэгун къихъуэу арат, махуэ ныкъуэкIэ къыщимыжи щыIэт. Дунейм куэд щIауэ зыужьыныгъэ игъуэтат, Ахъмэтхъан и жьэм къызэрыжьэдэкIыу я унэ псы къыщижу хуащIынут и быным, ауэ зауэ, уэгъу, гъаблэ зылъэгъуа, гъащIэ пхъашэ хэпсэукIа дадэм идэртэкъым. «Дэ къуэкIиим къыдэтха псыр дзыурэ дефэу щытаурращ. Щхьэ сыщыкIын хуей?», - жиIэти. Ауэ, сэ сызэригугъэмкIэ, ар тыншыпIэм щышынэт, а зыщышынэращ.... ИтIанэ, Ахъмэтхъан псынэр и тегъэупIэт. Зилэрэ езымрэ зэщыхьарэ тIуми гукъыдэж щамыIэм деж, Ахъмэтхъан псынэм къыдэкIырт. Махуэ ныкъуэкIэ щысами, темыужауэ Зилэ Iуплъэнутэкъым, шхэнуи кIуэжынутэкъым. ЛIыжь пагэт Ахъмэтхъан, пагэт икIи пхъашэт, зи хьэлкIэ зэщIэуззэдэжа цIыхут.

Абы елъытауэ Зилэ нанэ щабэ цIыкIут. ТеплъэкIи хьэлкIи. Илъэс пщыкIухым иту къашати, а зэрысабийуэ къэна хуэдэт, апхуэдизкIэ псэ къабзэти. Ар псалъэмэ, зытепсэлъыхьыр и бынырт, абыхэм я щIэблэ цIыкIухэрт. «Дауэ уеплърэ, нобэ зыгуэр къэкIуэжыну пIэрэ?» - жиIэти кърригъажьэрт сызэрилъагъуу. «Тхьэ а тхум е абыхэм я быным щыщу зыгуэр къэкIуэжын хуейм!» Зыри жызмыIэмэ, и щIакъуэ башыр и жьэпкъыпэм пэщIигъакъуэрти, хэплъэрт. ИкIи къэкIуэжырт, дадэ нанэр куэдрэ я закъуэ дагъэсыртэкъым, ауэ быным я Iуэху, ерыскъы здэщыIэм мыкIуэу хъуртэкъым, езыхэми унагъуэ зэрыхъурэ ягъэплъ уэнжакъыр къагъэнэфыртэкъым.

Зилэ зыщигъэщIэгъуапэр къалэм дэс и къуэ нэхъыщIэм и унагъуэр и гъусэу къыщыхуэкIуэжырт.

ЕтIуанэ махуэм Зилэ и нитIым насып щIэзу къыдэкIырти, «дыгъуасэ Дзадзу къысхуихьа IэфIыкIэм хэIэбэт!», - жиIэрти, щIэгуфIыкIыу кIэнфет IэмыщIэ къиишиирт. А Дзадзу жыхуиIэр илъэс тхущIым хыхьауэ бын балигъ зиIэ лIышхуэт. Ауэ Дзадзути - Дзадзут! Арати, сытхъэжырт. УнагъуитIми я шатащхьэр сысейт. Ахъмэтхъанхэ тут мэракIуэ пIащэ яIэти, ар хъумэ, сэ срикъуху сымышхауэ, хьэбли, благъи, быни ирагъэIусэртэкъым. Жызум фIыцIэ IэфIыбзэ Ахъмэтхъан игъэкIырти, абы и «насыпри» сэрат зэпхар. Дзадзу кIэнфет къихьмэ, сраIыхьэгъут. Сэри ди унэ зы IэфI гуэр щызэрахьэмэ, дадэрэ нанэрэ яхуэсхьыу яIузгъэхуэныр къалэн зыщысщIыжат. Псом хуэмыдэу а тIум сытри зэрагъэщIагъуэр, зэрыщыгуфIыкIыр сфIэфIт.

Куэдым сыхуагъэсащ зэщхьэгъусиIым. Ахъмэтхъан щIым, дунейм, гъащIэм къызэрымыкIуэу пщIэшхуэ хуищIырт.

Гъэмахуэр икIыху Ахъмэтхъан удз лIэужьыгъуэу ди щIыпIэм къыщыкIхэр сигъэцIыхурт, сигъэцIыхуар гъэ къэс къэтпщытэжырт. Езым щыгъупщэжаи хэту къыщIэкIынти, тхылъ цIыкIур зэIухауэ иIыгът, пхъэдакъэ лъахъшэм етIысэхырти, и нэгъуджэр нэхъ гъунэгъу ищIым, нэхъ жыжьэ ищIыжу еплъыжырт. Зауэ лъэхъэнэм, гъаблэ зэманым езым яшхыу щытахэр, удз хущхъуэхэр, узэIэб мыхъуну удзхэр, закъуэтIакъуэххэу фIэкIа къэмыкIыжхэр, хьэхэм яшхыр, джэдухэм яшхыр, былымым яIухуэ мыхъунухэр сщIэт, псори я цIэкIэ сигъэщIауэ. Удз къудейкIэ сыIэзэфыну къысщыхъужырти, ди унагъуэм зыгуэрым и щхьэ, и ныбэ, и лъакъуэ узмэ, «мис мыпхуэдэ удз и хущхъуэщ» - жысIэти, ар гушыIэм хуагъэкIуэжауэ къысщыдыхьэшхырт, «Ахъмэтхъан и къаным тхьэгъэгурым тхьэмпэкIэ сытри егъэхъуж», - жаIэурэ. Ахъмэтхъани а хъыбархэр Iэрагъэхьэжмэ, зигъэщIэгъуэжу щIэгуфIыкI фIэкIа къыфIигъэкIыртэкъым. Зилэ, зэрихьэлу, абы хуэхъущIэрт, «Алыхь, хъыджэбзым сабий хэтыпIэ имыIэжу къэбгъэнам», - жиIэрт дапщэщи. Ауэ сабий джэгукIэхэр сэ куэд щIауэ сфIэгъэщIэгъуэныжтэкъым.

ЩIымахуэ щыхъум, цы зыIусщэу срагъэсащ, япэщIыкIэ мыхьэнэ зимыIэ гуэрхэр зэрысхъами, итIанэ цылъэпэдхэр хэсщIэжыну дзыхь къысхуащIри... ХэсщIэжыфат! ИтIанэ лъапэфIэкъуэ сщIыуэ мамэ сригъэсащ. Ар нэхъ къызэгугъуэкIырти, хыфIэздзэжынкIи хъунт, ауэ гу къыслъызыта си анэм махуэ гуэрым: «Тэмэму пщIыуэ зегъаси, Ахъмэтхъанрэ Зилэрэ яхуэпщIынщ, сытым хуэдэу щыгуфIыкIыну ахэр абы», - щыжиIэм сытегушхуащ. ЯхуэсщIащ, щыгуфIыкIащ, ауэ зэи ящыгъыу слъэгъуакъым. ЩIымахуэм я деж сыкIуэху, ящыгъэрэ ящымыгъэрэ сеплъти, тIуми ящыгътэкъым. Схуэмышэчу, махуэ гуэрым си лъапэфIэкъуэхэм сыщыщIэупщIэм:

- Алыхь, лэжьэнущ жыдоIэри дыщосхьым, - къызжиIащ Зилэ щабабзэу къысхуэгуфIэурэ.

Псым и закъуэтэкъым, газри яIэтэкъым Ахъмэтхъанрэ Зилэрэ, пхъэ хьэку цIыкIукIэ унэри лэгъунлейри ягъэплъырт. Абыхэм я лэгъунлейм си гукъэкIыжым и къуэгъэнапIэшхуэ иубыдауэ дэсщ. А унэ щхьэгуэ цIыкIур (цIыкIу дыдэт) щхьэхуэу пщIантIэм дэтт, абы зы берычэтрэ хуабэмэрэ къыщIихтии!.. Унэр зэрылъахъшэ цIыкIум нэхъри гуапафэ къытригъауэрт, щхъуэш хъужу сэху Iув етарэ и бжэIупхъуэхэм, уафэ бзыхьэхуэ нэхъей, купрауз щIэгъэжауэ. ЦIыху къэс езым и дуней къигъэщIыжу жаIэ, дадэрэ нанэрэ илъэс щэныкъуэм щIигъуауэ зэрагъэпэщ дунейм зэрыриарэзым, зэрыхуэсакъым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Удзхэр зэдгъэцIыхуа иужькIэ, Ахъмэтхъан пхъэдакъэкъыхэтIыкI сыздишэн щIидзащ. НтIэ, иджы губгъуэм ит пхъэдакъэжьхэр къыхэттIыкIырт. Хьэуэ, псорикъым, зи лъэхъыц псэухэм дапэлъэщынут дэ?! Сэ джыдэ цIыкIу, езым хьэлэрэ нэхъ джыдэшхуэрэ иIыгъыу, дежьэрт. Унэр зэрагъэплъын пхъэ ямыIэу зэи щытакъым дадэ нанэм, ауэ лъэгъунлейм щIэт хьэкушхуэм, пхъэ инхэр ихуэрти, абы щхьэкIэ къагъэсэбэпырт. ИтIанэ, зэщхьэгъусэхэм тхьэ щаIуэжырт пхъэдакъэкIэ бупщэфIыр нэхъ IэфI хъууэ, абы и дэпыр нэхъ гуащIэу.

Пхъэдакъэ къыхэттIыкIхэм я пIэкIэ жыгыщIэ цIыкIухэри Iэхэлъахэм щыхэтсэрт. Зы жыг дгъэтIысыхукIи арэзыуэ и Iэхэр иутхыпщIырти: «Псапэ къэтхьащ, псапэшхуэ! Нэхъ псапэжыр пщIэрэ? БгъэтIыса жыгым и пхъэщхьэмыщхьэм щыщ щыгуфIыкIыу яшхынырщ. Сыкъэгъэгугъэ, дунейм сехыжмэ, ди пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм я деж укъэкIуэну. Ар пшхыхукIэ уигу сыкъэкIыжынущ!». Апхуэдэхэм деж жаIэ хабзэ «Хьэуэ, хьэуэ, сыт мы жыпIэр, уэ улIэнукъым!» - хуэдэ фэрыщIыгъэ дяку дэлътэкъым дэ! Абы сэ куэд щIауэ къызгуригъэIуат лIэныгъэ зэрыщыIэр, ар псоми я натIэу зэрыщытыр, абы ухуэхьэзыру, уи напэ пхъумэжу упсэун зэрыхуейр. Сэ къызгуригъэIуат лIэныгъэ зэрыщыIэр, ауэ Зилэ тхьэмыщкIэм къыгуригъэIуэфыртэкъым. Е лIэныгъэм пэгъунэгъу хъуауэ къызыщыхъу бзылъхугъэм и гум шынэ итIысхьат? Сытми, жэщым Iэуэлъауэ зэхихмэ, гужьейрти, «ДаIуэт, даIуэт, зо! Дэнэ щыIэ уи фочыжьыр? Алыхь дызукIыжынур къэкIуа сигугъэм!», - жиIэт. Пщэдджыжьым Ахъмэтхъан Зилэ щIэнакIэу тетIысхьэпIэм къытетIысхьэрт. Ахъмэтхъани зигъэлIыхъужь щхьэкIэ, щышынэ къыщIэкIынт лIэныгъэм (абы имыгъэшынэ псэ щыIэ хуэдэ!). Ар илъэс 65-рэ щыхъуам «Уэллэхьи, дыкъэзыгъэщIам сыхуэарэзым, ауэ 70 хухъу сигъэпсэуамэ арат!» - жиIат. 70 щрикъум, «75-рэ» жиIащ, итIанэ 80-ми щIэлъэIуащ. Хьэблэм дэс лIыжьхэр дадэ къыщехъурджауэкIэ, «ФыгъэщIэгъуэнщ ей фэ, сэ Алыхьым сыщIигъэпсэур дунейм сыкъызэрыщысэбэпыр елъагъури аращ. Ар зэIэр дунейм щысэбэпыну хуэмейхэрщ», - яжриIэрти, дыгъафIэм щыхьэулей лIыжьхэм я жьэр игъэнырт.

Ахъмэтхъан псэ зыIут псоми щысхьырт, хэдэхэх имыIэу псоми! Уеблэмэ куэдым фIыуэ ямылъагъу ныбэрыпщхэр (арат блэм зэреджэр) щIапIэм щилъагъуми, иукIыртэкъым, ауэ зэзэмызэ абыхэм Зилэ ярихьэлIэрэ ягъэгужьеймэ (егъэлеяуэ ящышынэрт), абы и хьэтыркIэ иукIын хуей хъурт армыхъу. ИукIыху, псэ зэригъэнам нэщхъей ирихъужырти: «Я гугъу умыщIмэ, блэми уи гугъу къащIынукъым! Уащымышынэ, жысIэурэ дапщэрэ бжесIа! Унагъуэм блэ исыныр игъащIэм угъурлыгъэу ябж!», - жиIэмэ, мыдрейм зэрышынар иджыри хэмыкIыжарэ дадэ жиIам зэгуигъэпарэ мыгурыIуэгъуэу: «Унагъуэм щхьэгъусэ исынращ угъурлыгъэр, армыхъу мо кIэ кIыхьыжьхэракъым», - иритыжырт жэуап хьэзырыр.

Сыкъэжэпхъа иужькIэ дадэрэ нанэрэ тхылъ сакъыхуеджэн щIэздзащ. Абы хэт лIыхъужьхэм датепсэлъыхьырт, итIанэ абыхэм щIэх-щIэхыурэ зауэ лъэхъэнэр ягу къагъэкIыжу хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къысхуаIуэтэжырт. «Дэ дыпщыгъупщэми, бжетIахэмрэ узыхуэдгъэсахэмрэ зыщумыгъэгъупщэ!», - псалъэхэр Ахъмэтхъан иужь зэманхэм жиIэрей зэрыхъуар сфIэмыфIу, сыкъэтэджырти сыкъэкIуэжырт.

Хъунутэкъым ахэр лIэ!

Езыхэракъым, я къуэ нэхъыжьырщ япэ дунейм ехыжар. Пэжщ, зыр лIэкIэ адрейм зилIэжыркъым. ЗилIэжыркъым, зехъуэж армыхъу! Гузэвэгъуэм елъытауэ гуфIэгъуэм апхуэдизу гъащIэр хуэмыхъуэжынкIи хъунщ. Дадэнанэм къыпхуэмыцIыхужу захъуэжат. КIэнфет зэрылъ Iэр къатщIэрэ тшхыжу сыздэджэгуу щыта Зилэ нанэ дыдэ, Ахъмэтхъан и гур хъыбий зырыхъуар абдежщ къыщызгурыIуар. Сэ лIэныгъэм сыщымыщтэну сыхуэзыгъэхьэзыраитIыр абы ирищIыкIырт, сыпэмылъэщу. СыпэлъэщыппэнумиI, сэ сщIэртэкъым апхуэдэхэм деж щIэн хуейр, уIэгъэшхуэу цIыху балигъитI итт си пащхьэ. Мис ахэратэм, Тхьэ, тхьэгъэгурымым хуэмыгъэхъужынур...

СыдэкIыху тетIысхьэпIэр нэщIт, итIани, итIани... Зыгуэр щIэн зэрыхуейр сщIэрти, мамэ сыкIэрыхъыжьащ дадэнанэм я тетIысхьэпIэр яхудигъэлэну, арщхьэкIэ идакъым: «Абыхэм ар я Iуэхукъым, я гугъу умыщI», - щыжиIэм, сыбзэяужащ.

Махуэ гуэрым сыдэмысу, дадэрэ нанэрэ Дзадзу и деж ишэжащ, я щыгъын тIэкIур зэщIакъуэри. КъуажэкIэ дыдэ дащIащ...

ТыншыпIэ псори здэщыIэ щIыпIэм дадэ-нанэр куэдрэ щыпсэужакъым. Мис иджыт сэ ахэр щысIэщIэкIыпар. Ди Iыхьлы дыдэ гуэр хуэдэ (ди Iыхьлытэкъэ-тIэ!) зыхэтщIат, псом хуэмыдэу сэ. Ахэр зыхэта гъащIэмрэ зыхэмытыжымрэ зыкIи зэщхьыжтэкъым...

Абы яужь хьэблэ сабийм сахэмызагъэжу сыт хуэдиз бэлыхь стелъа. Джэгун фIэкIа Iуэху яIэтэкъым, хъыбарти, таурыхъти, удзти, пхъэдакъэти жыхуиIэхэр абыхэм яфIэгъэщIэгъуэнтэкъым, сэращи - езыхэр сфIэгъэщIэгъуэнтэкъым. Сызыхэфу щыта псынащхъэр ягъэсеижу псыхуэлIэу сыкъыдэнам ярейт...

* * *

Я щIыкIэкIэ кхъэм ит адрей сынхэм яхэгъуащэу, нэхъ жьантIэмкIэ тIу щытщи, къуажэкIэмкIэ къаплъэу ягъэуващ. ЗымыцIыхухэрщ ар хэзыгъэгъуэщэнкIэ хъунур, сэркIэ абы екIуалIэ лъагъуэ бгъузэр пхыубыкIащи, кхъэм сызэрихьэу (ди дежкIэ, хуэфэщэну хуэпамэ, бзылъхугъэри кхъэм ихьэну хуитщ), сыпIащIэу дадэрэ нанэрэ деж сожэри... Сынхэр мывэ къудейкъым!

* * *

Ахъмэтхъанрэ Зилэрэ я унэр зэримытыжрэ куэд щIащ, псори хэсэхэжри, и щIыIум удз лъахъшэ цIыкIу къытекIащи, зыгуэр исаIауи пщIэжынукъым. Ауэ, абдеж цIыху угъурлы зэрыщысар наIуэ ящI пхъэщхьэмыщхьэ жыгыу итым. НтIэ, иджы си закъуэкъым абыхэм пышхыхьыр. ЗэрыгъэкIийрэ дыхьэшх макъым къикъутэу я щхьэкIэхэм сабий гуп тесу слъагъуху, согуфIэ. Сэри сыдэIэбейуэ зы пхъэщхьэмыщхьэ къыпысчыху «Фи псапэщ!» жызоIэ, сызэрагъэсауэ. Ауэ, щыуат Ахъмэтхъан! Ар сигу къэзыгъэкIыжыр я пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм я закъуэкъым, атIэ игъащIэкIи «сигъэшхэну» абыхэм къызата нэ ещанэрщ, абы илъагъу дуней телъыджэрщ, си гум хуэсакъыу щызэтралъхьа хъыбар бжыгъэншэхэрщ.

Сэ къызгурыIуар зыщ - уи гъащIэм лъэужь къыщызыгъанэр, зи лъэужь уитарщ.

* * *

Гъэмахуэ пщэдджыжьми, дыгъэр хэжеящи, удзым сыздрикIуэм уэсэпсыр къызох. Ауэ а ткIуэпс щIыIэтыIэ цIыкIухэр зыуэ лъакъуэм фIэфIщи, кIуэ пэтми нэхъ жэр сащI.

Зэт! Пхъэдакъэжь!!! СолъэпыIури, схуэгъэхъейкъым. Хъуакъым иджыри, етIанэгъэ сыкъэкIуэнщ...

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**




## Хабзэр зэрыпщIкъым

«Хабзэ» - жеIэ цIыхур псэлъамэ. А псалъэр яIурылъщ щезэгъи щемызэгъи. «Гугъу зыщIезгъэхьыр хабзэращ», «Хабзэращ апхуэдэу щIэсщIар», - жаIэнущ хэт псалъэми. Абы щыгъуэми урохьэлIэ а хабзэр къыфIэмыIуэхуу, ауэ абы и хьэтыркIэ сытри ищIэну хьэзыру къыпщигъэхъуу, и щхьэ и фейдэ, фIыщIэ лъыхъуэу. Езым и Iуэху зэрыдэкIынщ апхуэдэр зылъыхъуэр. Нэрылъагъуу хабзэм щебакъуэ, къемызэгъ дыдэ апхуэдэм щилэжь щыIэщ хабзэр и щхьэусыгъуэу, и фейдэ хэлъу ищIэмэ. Хабзэр узэрыхуейм хуэдэу, уи фейдэ къызэрыхэкIынкIэ зэблэпшмэ, ар хабзэжкъым, щхьэхуещагъэщ. Хабзэншагъэщ уигу къэкIа щхьэхуещагъэри.

## Зэгуэудыгъуэ

Апхуэдизу пцIы яупсу еса щыIэщи, псори апхуэдэу щыт я гугъэщ. Пэж къыщцыжраIэкIи я фIэщ хъуркъым. Псори езыхэм хуэдэ я гугъэщ. Къащохъу зэманыр ирибгъэкIуэн щхьэкIэ, сытри жыпIэ хъууэ. Пэж жызыIэ щымыIэжу аракъым. ЩыIэщ пцIы зигу темыхуи. Пэж жызыIэу есам жиIэр псоми я фIэщ щымыхъум и деж игурэ и щхьэрэ зобгъэж,

«Апхуэдэм уи гукъеуэ хуэпIуатэкIэ сыт и мыхьэнэ?» - жеIэри. Пэжу, сыт ущIэпсэлъэнур узэпсалъэм и фIэщ ущымыхъукIэ, езым урещхьу, псалъэм пщIэ хуумыщIу къыщыщыхъукIэ? Пэжым есар зэгуэзыгъэпщ жиIэр уи фIэщ мыхъуныр. Пэж здэщымыIэм гъэщIэгъуэни щыIэкъым.

**НЭХУЩ Хьэжпагуэ.**

## Джэш лыбжьэ

Джэшыр зэхадз, фIыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтрэ ныкъуэкIэ ягъавэ. Шыгъу хадзэри, иджыри апхуэдизкIэ ягъавэ. АпщIондэху псыр щIэващIэмэ, псывэ щIакIэ. Джэш вар зэрыпщтыру яуб е лыхьэжым щIагъэкIри , шыуаным иралъхьэж. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шыбжий сыр хакIутэ, а псори зэIащIэ, шатэ хакIэри, дакъикъи 7 - 8-кIэ къагъэкъуалъэ.

Хьэзыр хъуа джэш лыбжьэм джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт мэ дахэ къищтэн щхьэкIэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ е пIастэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):***

джэшу - г 200,
псыуэ - г 1450-рэ,
бжьын укъэбзауэ - г 30,
тхъууэ - г 60,
шатэу - г 160-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.



## Нартыху лэкъум, шху гуащIэкIэ пщауэ

Абы щхьэкIэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар, шыгъу зыхэлъ псы къэкъуалъэ хакIэурэ, бэлагъкIэ япщ. Бахъэ пщтырыр ягъакIуэ, тIэкIу ягъэупщIыIу, содэ зыхэгъэшыпсыхьа шху гуащIэм хакIэри, псори зэхэзэрыхьыху япщ. ИтIанэ гуэдз хьэжыгъэ ираудри, тхьэвыр IэкIэ япщ. А тхьэвым тыкъыр мыинурэ къыпачурэ хъурей пIащIэ цIыкIухэр ящI, тхъу къэплъа зэрыт тебэм халъхьэурэ лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Шатэ, шху, шэ, шей и гъусэу хуабэу яшх.

**Халъхьэхэр (цIыхуий Iыхьэ)**:

нартыху хьэжыгъэу - г 660-рэ,
гуэдз хьэжыгъэу - г 40,
шхууэ - г 600,
псыуэ - г 400,
содэу - зы шей бжэмышх,
шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.



**КЪУБАТИЙ Борис.**

## Бжьыныху ягъэныщкIури...

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ щыгъуэлъыжкIэ бжьыныху къикIыкIа хьэдзэ зы-тIу ягъэныщкIури, яхуэшэчыху жьэдагъэлъ, итIанэ къыжьэдадзыж. Абы и ужькIэ нэху щыху зыгуэр пшхыи, уефи, уи дзэр плъэщIыжи хъунукъым.

* * *

Джэдкъаз фIагъэжар щызэпкърахкIэ Iэмал имыIэу джэдкъазыпщэм паупщIыж зы сантиметр хуэдиз. Ар пыумыупщIу шыуаным иплъхьэмэ, унагъуэр псалъэмакъ хохуэ жаIэ.

* * *

Ерыскъыр Iэпхъуамбэ зэхуакум дэлъу яшхыркъым, гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэри.

* * *

Къэрмэфиблыр яущэб, жьэм жьэдакIутэри, ягъэнышкIу, ауэ ирагъэхыркъым. Ар дзэхъудзэшхэмкIэ, дзэ узхэмкIэ сэбэпышхуэ мэхъу.

* * *

Шэрджэсхэм, абазэхэм нэгэгъур нэхъыжь Iыхьэу Iэнэм тралъхьэркъым, абы

## Зи ныбэ изу къэкIуа хьэщIэр

Псым ухэмыхьауэ, псы есыкIэ зэбгъэщIэнукъым.

*Осетин.*

Къалэм и фIагъыр и гъунапкъэм къыщащIэ.

*Тат.*

Жьыуэ гъуэгу техьэр къызэринэкIам щыгуфIыкIыжынущ.

*Нэгъуей.*

Зи ныбэ изу къэкIуа хьэщIэр арэзы пщIыну гугъущ.

*Балъкъэр.*

МафIэр мафIэкIэ зэщIагъанэ.

*Ингуш.*

## Мылым утемыхьэ

**ЩIышылэм IэщIэкIар мазаем къещтэж.**

* * *

**Мазаем уае щIыIэмэ – щIымахуэр кIэщIынущ.**

* * *

**Мазаем унэ кIапэхэм пищIэ мылхэр кIыхьмэ, щIымахуэ кIыхь пэплъэ.**

* * *

**Мазаер мыщIыIэмэ, гъатхэпэр абы хуохъущIэ.**

* * *

**Мазаем щIыIэ уае къыщыхъур жэщырщ.**

* * *

**Мазаем и пэщIэдзэр хуабэмэ, гъатхэ пасэ уэфI пэплъэ.**

* * *

**Мазае хуабэм гъатхэ щIыIэ къешэ.**

* * *

**Мазаер – уэскIэ, мэлыжьыхьыр псыкIэ къулейщ.**

* * *

**Мазаем гъатхэм и къэкIуэнур елъыташ.**

* * *

**Мазаем мылым утемыхьэ.**

* * *

**Мазаер мэлыжьыхьым и адэшхуэщ.**

* * *

**Мазаем лъэмыж еухуэри, гъатхэпэм ар екъутэж.**

* * *

**Мазае уэсым гъатхэмэ къыхех.**

* * *

**Мазаем махуэм сыхьэтищ къыхегъахъуэ.**

* * *

**Мазаем и иужьрей тхьэмахуэр нэхъ щIыIэхукIэ, гъатхэпэр нэхъ хуабэнущ.**

* * *

**Мазаем зиукIыж пэтми, гъатхэр къызэрыблагъэр зыхещIэ.**

* * *

**Уэсыр куумэ гъэр фIы мэхъу.**

* * *

**ЩIышылэр щIымахуэм ипщщ.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... зиIэр тIэхъуалэщи, гукъеуэ зиIэр псалъалэщ. **4**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, профсоюз лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **6**. Дуней псом и футболист нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ, «Манчестер Юнайтед» командэм щыджэгу Криштиану ... **7**. Жаншэрхъыр къызрагъэжэхыу щыта нартхэм я бгыщхьэ. **10**. Къуалэбзуушхуэ. **11**. ЕуэкIыпIэ. **13**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащIэ цIыкIу. **15**. Уэ хьэрычэт хэлъхьи, сэ ... ныхэслъхьэнщ. **17**. Ди къэралым «ФСБ»-щ а IэнатIэм зэрыщеджэр, США-м ейм щэ? **18**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ.

***Къехыу:*** **1**. Нэхъ пасэм адыгэм я пщIантIэр, я хадэр абыкIэ къаухъуреихьырт. **2**. ... мыплъэмэ, нэр плъэркъым. **3**. ... и кIэр хьэдагъэщ. **4**. Нартыху хъумапIэ. **5**. ... пыIэ. **8**. Мароккэ хьэрып къэралым и къалащхьэ. **9**. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта, уэрэд зыхуауса Жамборэ ... **12**. Зи къудамэхэр теухъуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум. **13**. Джэдкъазым, къуалэбзум ятет цы щабэ. **14**. ПыIэ, вакъэ щащIкIэ къагъэсэбэп щапхъэ. **15**. Танэ мэжэлIам и ... макъ къэIуащ. **16**. ФIы дыдэу школым щеджэм ар хуагъэув.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ЩIышылэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкIуэкIыу***: **1**. Кърым. **3**. Тхьэгъу. **5**. Ущ. **7**. КIэнтхъ. **9**. Дэ. **12**. Лулэ. **13** Джатэ. **15**. Сэ. **16**. Хьэсэн. **18**. Ду. **20**. Курых. **21**. Шытх.

***Къехыу:*** **1**. Къыу. **2**. МэкI. **3**. Тыхъ. **4**. ГъукIэ. **6**. Щхьэлыкъуэ. **8**. Нэз. **9**. Дыщэджэд. **10**. Кхъулэ. **11**. Къаз. **14**. Уэс. **15**. Соку. **16**. Хьэх. **17**. Ныш. **19**. Уэх.



# ЩIыпIэ жыжьэу Ныуэжьыдзэ

**А цIэр зезыхьэ бгыр (метр 2948-рэ и лъагагъщ) ди республикэм и Iуащхьэмахуэ щIыналъэм итщ, псыхэу Гижгитрэ Урдырэ зыкъыщызэщIакъуэ къуэладжэхэм я зэхуаку дэтщ. ЗэрызэщхьэщыхаI и лъэныкъуэкIэ, Гижгит Бахъсэн хохуэж, Урды Гундэлэн холъэдэж.**



БГЫМ зэреджэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм къытехъукIащ. Ди зэманым куэдым къамыгъэсэбэпыж «ныуэжь» псалъэм къикIыр «фызыжь» жыхуиIэрщ. «Дзэ» пычыгъуэр абы дэщIыдгъужмэ, фIэщыгъэр «фызыжьыдзэ» мыхьэнэм тынш дыдэу зэрыхуэкIуэри нэрылъагъущ. Ауэ щыхъукIи, ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIар къэзыгъэнэIуэж дэтхэнэми и гупсысэр хуигъэкIуапхъэщ, зи гугъу тщIы Iуащхьэр зыхуэдэм а фIэщыгъэр тезыгъэIукIахэр фIыуэ щыгъуазэу зэрыщытам имызакъуэу, ар зэрыт щIыпIэри я хэщIапIэрэ Iэщ гъэхъупIэу къызэрекIуэкIари.

Ди лъэхъэнэмкIэ къедгъэзэкIыжынщи, иджырей туристхэр зыхуеIэ хъуа мы бгым и Iэгъуэблагъэр, Къуэштэн зи фIэщыгъэу, ди республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм ящыщ зыщ. И жыжьагъкIэ къэтлъытэмэ, Бахъсэн зыдэт тIуащIэр зи хэщIапIэ Былым къуажэм ар зэрыпыIудзари, куэдыр зыщыгъуазэ Къэнжал бгыщхьэ тафэ цIэрыIуэм «зэрыпыIукIуэтари» зэхуэдэщ – километр 25-м нызэрыхьэсщ. АрщхьэкIэ, иужьрейм уикIыу автомашинэкIэ Ныуэжьыдзэ ухуэкIуэныр ди зэманым зэгъэхъулIэгъуей хъуащ, совет лъэхъэнэм щыIа Iэбгъэхэм я нэхъыбапIэр ябгынэжу, ахэр зэрызэлъагъэIэсу къекIуэкIа гъуэгухэри зэрыщымыIэжым къыхэкIыу.

ИкIи, мы зэманым зэрыщытыр аращи, зи гугъу тщIы Iуащхьэ телъыджэр здэщыIэ щIыпIэм автомашинэкIэ унэсыныр нэхъ тыншу щызэбгъэхъулIэфынур, туристхэри щыхьэт зэрытехъуэу, Былым къуажэм ищхьэкIэ щыIэ гъуэгу бгъунжу Гижгит псыр къыздижымкIэ бгъурытым утемыплъэкъукIыу утетмэщ. Пэжщ, лъэсырыкIуэхэм я дежкIэ дэтхэнэ зы лъагъуэри гъэщIэгъуэнщ, Iэгъуэблагъэм зыкъыщызэкъуэзых теплъэгъуэхэри апхуэдизу телъыджэщ, удэзыхьэхщи, щызыхэпщIэмрэ къызэрыпщыхъумрэ гъуни нэзи зимыIэм хуэдэщ.

ЗекIуэным дихьэх турист «хъыжьэхэм» мы Iэшэлъашэм и гугъу щащIкIэ, адыгэбзэм къыхэкIа нэгъуэщI щIыпIэцIэхэри, ди гуапэ зэрыхъунщи, къагъэсэбэп. Абыхэм ящыщ зыщ Ныуэжьыдзэ деж ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ зыкъыщызэщIэзыкъуэ Урды псым и тIуащIэм зыдэзыуфэбгъуа Хьэкхъуафэ лъапэрыт абрагъуэм зэреджэри. Абы и джабэ нэкIухэр жьэхэгъэкъуащ Инал зи фIэщыгъэ бгыщхьэ тафэу зи лъагагъкIэ Ныуэжьыдзэ куэдкIэ къыкIэрымыхум (метр 2879-рэ).

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ЦIыху кIуапIэ зэрыхъуным хуагъэпс

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы хущхъуэхэм нэхърэ нэхъ сэбэпрэ къабзэрэ къэгъуэтыгъуейщ. Апхуэдэщ «Аушыджэр и псыхуабэхэр», «Нарзанхэм я къыщIэжыпIэ» щIыпIэр.**

ЦIЫХУМ я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэу Джылы-Су къэлъытэнымкIэ унафэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къищтащ. Абы ипкъ иту, щIыпIэр сыт и лъэныкъуэкIи яхъумэнущ: щIыуэпсым (псы къыщIэжыпIэхэм, хьэуам, щIым) зэран хуэхъу лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIынукъым, Iэгъуэблагъэм щаухуэ хъунукъым Iэщ фермэхэр, псэупIэ унэхэр, кхъэхэр. Апхуэдэу хъупIэуи къагъэсэбэп хъунукъым.

Гектар 227-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ Джылы-Су щаухуэнущ насос станцхэр, псыр зрикIуэ бжьамийхэр, псы зэбгрытыкIыпIэхэр, псы хущхъуэм цIыхухэр щефэну утыкухэр. ЖыпIэнурамэ, ди псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэр турист кIуапIэ зэрыхъуным хуэгъэпсащ нобэ ялэжь апхуэдэ Iуэху щхьэпэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**Осетие Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэ Владикавказ дэт «Манеж» спортым и уардэунэм щIышылэм и 20-22-хэм щекIуэкIащ IэпщэрызауэмкIэ Ипщэ дзэ щIыналъэм и чемпионат. Псори зэгъусэу командийуэ гуэшауэ абы хэтащ дзэ къулыкъу езыхьэкI цIыхуи 100-м щIигъу.**

## Псыгуэнсудэсыр къэралым и чемпионатым макIуэ



Зи хьэлъагъыр килограмм 85-м нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Хьэсанэ Мурат иригъэкIуэкIа зэIущIитхум псоми шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ къыщихьри, Ипщэ дзэ щIыналъэм (ЮВО) и чемпион хъуащ. Абы хигъэщIахэм ящыщщ ММА-м и иджырей чемпионыр.

Медалхэмрэ грамотэхэмрэ къищынэмыщIауэ, я хьэлъагъ елъытауэ гуэшауэ щыта гупиблим щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ саугъэт лъапIэхэр ЮВО-м и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу тыгъэ хуащIащ. А псом ищIыIужкIэ, абыхэм Iэмал ягъуэтащ мы гъэм и гъатхэпэм Санкт-Петербург щекIуэкIыну Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я чемпионатым хэтыну.

Мурат и спорт зыгъэсэныгъэхэм щыщIидзащ къыщалъхуа къуажэм дэт «Псыгуэнсу» спорт клубым. Иджыпсту абы зыщегъэхьэзыр «Файт Зон» зэзауэ зэхэтхэмкIэ клубым. Спортсменыр егъасэ грэпплингымкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер Шыхъуэстэн Руслан.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Зэхъуапсэ ехъулIэныгъэ зиIэ къуажэ



**Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт секцэ цIэрыIуэм иджыблагъэ щыIащ боксымкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Фархутдинов Викторрэ УФ-м СпортымкIэ и министерствэм и лIыкIуэ, боксымкIэ командэ къыхэхахэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъ Назаров Сергейрэ спортсменхэр я гъусэу.**

БОКСЁР ныбжьыщIэхэм щадэуэршэрым Фархутдиновым къыхигъэщащ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм Щхьэлыкъуэ дэт спорт пэшым зыщызыгъэса щIалэ куэд къэралым и командэ нэхъыщхьэм хэту зэрыщытар икIи республикэри къэралри хуэфэщэну дунейпсо утыкум къызэрыщагъэлъэгъуар. Абыхэм ящыщщ дунейпсо класс зиIэ спортым и мастеру 2, Урысей Федерацэм спортым и мастеру 35-рэ, Европэмрэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэмрэ къыщыхэжаныкIауэ е щытекIуауэ боксёрипщI, я ныбжь елъытауэ урысейпсо зэпеуэхэм щытекIуа е къыщыхэжаныкIауэ 40-м нэблагъэ.

Урысей Федерацэм боксымкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэр спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ лъабжьэ быдэ къуажэм щызыгъуэта чемпион хабзэм адэкIи къыпащэну. Назаровым къыхигъэщащ мы жылэ цIыкIум и закъуэ иIэ спорт ехъулIэныгъэхэр Урысей Федерацэм и щIыналъэ куэдым я хъуапсапIэу зэрыщытыр.

ХьэщIэхэмрэ Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ КIэрэф Астемыррэ къызэхуэсахэр къагъэгугъащ иджырей мардэхэм хуэфащэ боксымкIэ центрым и проектыр ягъэхьэзырыну. Ухуэныгъэхэм щIадзэну я мурадщ 2023 гъэм.

ЗэIущIэм и кIэухыу Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэт боксёрхэм спортсмен ныбжьыщIэхэм утыку къызэрихьэну щыгъынхэмрэ Iэлъэхэмрэ тыгъэ хуащIащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №155